



Siswadi

# KRIDHA BASA 3

Kanggé Klas 3  
**SMP**

2600

Telah disahkan penggunaannya di sekolah dengan  
Keputusan Direktur Jenderal Pendidikan Dasar dan Menengah  
Departemen Pendidikan dan Kebudayaan  
Nomor : 194/C/Kep/R/90  
Tanggal : 16 Juli 1990  
Berlaku : selama 5 (lima) tahun

# Kridha Basa

## 3

Kanggé

Klas 3

Sekolah Menengah Umum Tingkat Pertama  
(SMP)

Karacik déning

Siswadi

Edisi Kapisan

1988

PT INTAN – PARIWARA  
Penerbit dan Percetakan

**Hak cipta dilindungi undang-undang pada: Pengarang**  
**Hak penerbitan pada : PT Intan Pariwara**  
**Dicetak oleh : Anggota IKAPI Nomor 006**  
**Perancang kulit : PT Macanan Jaya Cemerlang**  
**(lisi di luar tanggung jawab pencetak)**  
**Ilustrasi : Jonipan**  
**No. Kode Penerbitan : Endra Sutapa**  
**311/88**

---

**Kantor Pusat : Jl. Beringin, Klaten Utara, Kotif Klaten 57438.**  
**Kotak Pos 111 Telp. (0272) 21461, 21890, 22012, Fax. 22021**

## Bebukaning Atur

Nuwun, para nupiksa.

Ngaturi wuninga, bilih buku *Kridha Basa SMP* punika ngewrat racikaning wulangan basa Jawi ing SMP, kados ingkang kapacak wonten ing salebetipun *Garis-garis Besar Program Pengajaran Bidang Studi Bahasa Jawa, Departemen Pendidikan dan Kebudayaan* babaran pungkasan.

Urutaning wulangan ing salebetipun buku punika kadamel cèples kaliyan urut-urutaning *pokok bahasan* ingkang kawrat wonten ing salebetipun *Garis-garis Besar Program Pengajaran (GBPP)*-punika. Pamrihipun, sageda nggampilaken para kadang guru saha para anak murid ingkang sesarengan nindakaken *kegiatan belajar mengajar bidang studi* basa Jawi.

Latihan saha garapan ingkang kapacak wonten ing salebetipun buku punika kacawisaken kanggé para anak murid wonten ing sekolah-an punapa déné wonten ing griya, minangka *garapan kokurikuler*. Sami kawuningan bilih garapan *kokurikuler* ingkang kacawisaken saha dipun tandangi ing samesthinipun punika nyengkuyung lumampahipun cara sinau ingkang kawastanan *Cara Belajar Siswa Aktif (CBSA)*, ingkang tundonipun ndayani rumesepipun wulangan saged tumanem wonten ing telenging manahipun para anak murid, wekasan para anak murid saged munpangataken wohing wulangan punika ing saprayoginipun.

Kula pitados, buku punika taksih kathah kirang saha cèwètipun. Awit saking punika sadaya panyaruwé badhé kula tampi kanthi bingah-ing manah lan atur panuwun ingkang tanpa upami.

Panutuping atur, mugi-mugi buku *Kridha Basa SMP* punika saged suka sumbangsih sawatawis tumrap ajenging basa, bangsa lan nagari. Nuwun.

Klaten  
Maret 1988

Aturipun pangracik

## **Isi Buku**

Bebukaning Atur .....	i
Wulangan ka-1 .....	1
Wulangan ka-2 .....	10
Wulangan ka-3 .....	18
Wulangan ka-4 .....	28
Wulangan ka-5 .....	33
Wulangan ka-6 .....	39
Wulangan ka-7 .....	47
Wulangan ka-8 .....	54
Wulangan ka-9 .....	62
Wulangan ka-10 .....	69
Kapustakan .....	76

# **Wulangan ka-1**

## I. A. Wacanen batin!

### Wana lan Pigunanipun



Wana punika pasitèn jembar ingkang kebak ing wit-witan ageng alit. Miturut kawontenaning wit-witanipun, wana punika wonten kalih warni. Inggih punika wana ingkang wit-witanipun namung sawarni lan wana ingkang wit-witanipun mawarni-warni. Wana ingkang wit-witanipun namung sawarni, umumi-pun damelanipun tiyang. Liripun, wit-witan ing wana punika dipun tanem ing tiyang. Upaminipun wana cemara, jatos, karèt, pinus, lan wana deling. Déné wana ingkang wit-witanipun mawarni-warni, racakipun sanès 'damelanipun tiyang. Tegesipun, wit-witan ing wana punika sami tuwuhan.

kajengipun piyambak, boten karana kattanem ing tiyang. Ing pulo-pulo ing sajawanipun Pulo Jawi, upaminipun ing Pulo Sumatra, Kalimantan, saha ing Pulo Irian Jaya, kathah wana gung liwang-liwung ingkang wit-witanipun manéka warni punika.

Wana punika ageng sanget pigunanipun. Kabetahanipun tiyang arupi balunganing griya saha dandosan praboting balé griya, kajengipun cumawis ing wana. Ing Pulo Jawi, kususipun ing Tanah Jawi Wétan saha ing Tanah Jawi Tengah, kajeng ingkang limrah kanggé balunganing griya saha kanggé dandosan warni-warni punika kajeng jatos. Déné ing Tanah Priyangan utawi ing Tanah Jawi Kilèn, kanggé balunganing griya utawi kanggé dandosan praboting balé griya punika, tetiyang ing ngrika sami migunakaken kajeng rasamala, kajeng walikukun, duren, waru, lan nangka. Déné ing Kalimantan, tetiyang sami migunakaken kajeng blangiran, kajeng mranti, kamper, lan sanès-sanèsipun. Kajeng ingkang sampun kaolah dados praboting balé griya, utawi ingkang sampun kaolah dados "kajeng lapis" kathah ingkang kasadé dhateng manca negari, mewahi pamedalipun negari. Kajawi ingkang arupi kajeng kanggé balunganing griya saha kanggé dandosan warni-warni punika, wana ugi nyedhiyakaken kajeng kanggé kaperluan sanès. Upaminipun: kajeng akasia, kajeng pilang, kajeng trengguli, lan kajeng segawé, kanggé ngolah wacucal, kulitipun kajeng soga kanggé nyoga, inggih punika ngolah barang bathikan. Kajawi arupi kajeng, wana ugi nyawisi pamedal sanès arupi tlutuh lan blendok ingkang maédahi sanget tumrap gesangging bebrayan. Upaminipun: tlutuh karèt, damar, kopal, tèrpentin, gambir, lan lisah kajeng pethak.

Kajawi bab-bab kasebut ing nginggil, wana ugi maédahi sanget tumrap panataning toya. Liripun makaten. Toya jawah ingkang dhawahipun saking langit kados dipun sokaken, dumugi ing wana nanggrik ing ron-ronan, lajeng tumètès alon-dhumawah ing siti. Pasitèn ing wana punika empuk ngembus-embus jalanan kacaruban ing bosokanipun ron-ronan lan panging wit-witan ingkang garing ingkang dhumawah ing ngriku. Toya jawah ingkang dhumawah ing lumahing siti ing-

kang ngembus-embus punika kanthi lon-lonan rumesep ing salebetipun siti. Toya punika sawatawis kantun wonten ing lapisaning siti ingkang ngembus-embus punika, sapérangan mlebet ngantos dumugi ing lapisanipun siti ingkang atos, inggih punika lapisan padhas. Wonten ing ngriku toya punika dangu-dangu nglempak dados kathah, dados kedhung utawi tlaga ing salebetipun siti. Saya dangu toyaning tlaga punika saya kathah, lajeng lubèr. Lubèraning toya tlaga punika pados margi ing salebeting siti, mili mangandhap, njedhul-njedhul sampun tebih saking wana, dados tuk. Toya sumur ingkang kanggé adus, kanggé ngombé, lan kanggé ngumbahi saben dinten punika, boten sanès asalipun ugi saking tlaga ing salebeting siti punika. Ing sawatawis panggènan tuking toya punika dipun tata saé mawi dipun tembok, lajeng kailèkaken medal pipa-pipa tosan utawi pipa-pipa sanès dhateng papan-papan ingkang tebih saking panggènan tuking toya punika, kanggé adus, dipun ombé, utawi kanggé kabetahan-kabetahan sanèsipun. Toya saking tlaga ing salebeting siti punika, wonten ingkang jumedhulipun ing lumahing bumi dados lèpèn, lan malah wonten ingkang dados tlaga ugi. Sedaya wau boten sekedhik pigunanipun tumrap gesangng bebrayan agung.

Kados pundi kedadosanipun, saupami ing lumahing bumi punika boten wonten wana? Sesambutan kaliyan kabetahaning tiyang ing bab toya, temtu rekaos sanget. Menawi boten wonten wana, lumahing pasitèn temtu atos. Toya jawah ingkang gumrojog saking langit, dhawahipun ing lumahing bumi boten mawi ketanggrocok ing ron-ronan utawi punapa kémawon. Pramila dhumawahipun ing siti ingkang atos punika lajeng bablas dados banjir bandhang. Toya jawah punika boten wonten ingkang rumesep ing salebetipun siti, pramila ing salebetipun siti ugi boten wonten tlaga tandhon toya ingkang dados tuking toya sumur lan sapiturutipun.

Ngèngeti pigunanipun wana ingkang boten sekedhik tumrap gesangng tiyang, wana kedah kajagi sampun ngantos risak. Awit risakipun wana sageò nuwuhaken prakawis-prakawis ingkang mitunani. Upaminipun wontenipun banjir bandhang ing mangsa rendheng, siti nggogos katut ilining toya, lan ing mangsa ketiga tiyang kekirangan toya.

Prakawis panjagining wana punika upaminipun kados kasebut ing ngandhap punika:

1. Wana kedah kajagi sampun ngantos kabesmèn.
2. Boten angèn utawi ngumbar rajakaya ing tengah wana.
3. Boten nebangi kajeng ing wana sapurun-purun.
4. Boten mbikak wana sapurunipun piyambak kanggé ngelar sabin utawi pategilan.

Wana ingkang dipun upakara lan dipun opèni kanthi saé temtu saya ageng pigunanipun tumrap bebrayan.

### B. Wangsulana kang patitis!

1. Manut kaanané wit-witané, alas kuwi ana pirang werna?
2. Umumé alas gawéané uwong kuwi wit-witané kepriyé?
3. Akèh uwong sing ora padha migunakaké kayu jati kanggo balungané omahé. Apa sababé?
4. Apa pametuné alas saliyané kang arupa kayu?
5. Upama ing lumahing bumi ora ana alas, kira-kira kepriyé kedadéyané?
6. Terangna pambudidaya sawetara bab panjagané alas!

### C. Ukara pitakon lan ukara andharan ing ngisor iki wacanen sing patitis!

1. a. Sapa sing nandur wit-witan ing alas?  
b. Wit-witan ing alas kuwi ana sing ditandur ing uwong, ana sing thukul karepé dhéwé.
2. a. Généya alas ora kena dirusak?  
b. Alas sing rusak bakal nuwuhaké prakara-prakara sing mitunani tumrap uriping manungsa.
3. a. Apa iya alas bisa nata sedhiyan banyu ing jero bumi?  
b. Bener, alas kuwi bisa nata sedhiyan banyu ing jero bumi.
4. a. Généya lemah ing tengah alas empuk ngembus-embus?  
b. Lemah ing tengah alas kuwi empuk ngembus-embus amarga kecaruhan ing bosokané gegodhongan lan kekayon.

5. a. Apa arané lemah sing empuk ngembus-embus kuwi?  
       b. Lemah sing empuk ngembus-embus kuwi jenengé humus.

## II. Tuladha

- a. Alas kuwi **migunani** banget tumrap uripé manungsa.  
    b. Rusaking alas bisa nuwuhaké prakara-prakara sing **mitunani** tumrap uripé manungsa.

Tembung **migunani** lan tembung **mitunani** kuwi **ngemu teges kosok balèn**. Mara tèmbung-tèmbung kosok balèn ing ngisor iki gawénen ukara sing luwes!

- |                           |                       |
|---------------------------|-----------------------|
| 1. jembar; ciyut          | 6. butheg; bening     |
| 2. sawerna; mawerna-werna | 7. sekedhik; kathah   |
| 3. kususipun; umumipun    | 8. agung; asat        |
| 4. mewahi; ngirangi       | 9. ngandhap; nginggil |
| 5. empuk; atos            | 10. mandhap; minggah  |

## III. Tuladha

- a. **Godhongé garing. (ukara)**

**godhongé** = jejer  
**garing** = wasésa

- b. Godhong garing mblader ana ing latar kuwi saponana!

**godhong garing** = tembung camboran

Tembung sing buri (garing) dadi katrangané tembung sing ngarep (godhong).

*Gawéa ukara lan gawéa tembung camboran nganggo tembung-tembung ing ngisor iki. Sabanjuré tembung camboran kuwi gawénen ukara sing luwes!*

- |                |           |
|----------------|-----------|
| 1. jembar      | 6. atos   |
| 2. deres       | 7. kobong |
| 3. ngrembuyung | 8. suwèk  |
| 4. loh         | 9. butheg |
| 5. ketel       | 10. bosok |

## IV. Tulisen nganggo aksara Jawa!

Kabèh wis padha sumurup marang bebayané alas sing dibabadi. Contoné akèh banget. Dhèk jaman biyèn pagunungan ing antarané Bangkalan lan Sampang ing Tanah Medura kuwi alasé ketel. Wong-wong sing padha dedunung ing sakiwa tengené alas kuwi bisa golèk kayu obong ing kono, yaiku njupuki pang-pang garing sing wis padha tiba ing lemah. Ing alas kono akèh kidang lan menjangan padha urip bebranahan ora ana sing ngganggu gawé. Ing èrèng-èrènging pagunungan sing alasé ketel kuwi akèh banget tuk sing banyuné pating srèwèh mili rana-rana, sawatara dipigunakaké para among tani kanggo ngoncori sawahé. Nanging, kaanan sing ngresep-aké ati kuwi saiki-wis ora ana. Ing kana wis ora ana manèh kidang lan menjangan, wis ora ana manèh tuk sing banyuné mili pating srèwèh, lan ing kana wong-wong wis ora bisa golèk kayu obong ing tengah alas. Sing ana mung kari tanah pagunungan kapur sing cengkar. Déné sababé, alas mau dibabadi sagelem-gelemé.

## V. Tuladha

- Mung ing sajroné wolulas tahun, kaanan ing èrèng-èrèngé Gunung Wangi ing Kabupatèn Ceribon wis malik grémbyang, bédå banget karo kaanan ing sadurungé. (**ngoko**)
- Namung ing salebetipun wolulas tahun, kawontenan ing èrèng-èrèngipun Redi Wangi ing Kabupatèn Ceribon sampun malik grémbyang, bédå sanget kaliyan kawontenan ing sadèrèngipun. (**basa krama**)

*Pacelathon ing ngisor iki owahana nganggo basa krama, banjur apalna ana ngarep klas!*

- Jayus : Gunung kaé yèn dicedhaki apa sawangané ya kaya yèn disawang saka kaduhan, Mas?
- Mursid : Sing kokarepaké rupané apa apané?
- Jayus : Ya rupané, ya wujudé.
- Mursid : Bab kuwi genah yèn bédå banget.  
Yèn disawang saka kaduhan rupané biru maya-maya, lan wujudé alus kaya gambar. Nanging, yèn disawang saka panggonan sing cedhak, rupané dadi ora genah.

- Abang, ora. Putih, ora. Kuning, ora. Biru ya ora.  
Cekaké, angèl olèhé arep ngarani.
- Jayus : Lha yèn wujudé kepriyé?
- Mursid : Wujudé ya ora alus kaya ngana kaé. Sabab, yèn dicedhaki, sing kétok ngégla kuwi alasé, jurang-jurangé, watuné, padhasé, lan malah uga kewan-kewané sing padha manggon ing alas kono.
- Jayus : Aku kok dadi kepéngin mbuktèkaké.
- Mursid : Mbuktèkaké kandhaku iki?
- Jayus : Hee. Aku kepéngin munggah gunung, kepéngin weruh sing kocritakaké kuwi.
- Mursid : Ngéné baé. Yèn ing sekolahamu ana *kumpulan pendaki gunung*, kowé mlebu. *Kumpulan pendaki gunung* kuwi kumpulan olahraga. Manfaaté wong munggah gunung kuwi, kejaba awak dadi waras, uga ngipuk-ipuk rasa tresna marang alam saisiné, munggahé manèh nggedhèkaké rasa takwa marang Gusti Kang Murbèng Dumadi.
- Jayus : Tenan, Mas, aku kepéngin banget, kapan-kapan aku arep munggah gunung.

## VI. Kasusastran Jawa

Tembung *kasusastran* asalé saka tembung *sutra* éntuk wuwuhan *su*. *Sutra* tegesé piwulang, paugeran (*pathokan*), tulisan utawa buku. *Su* tegesé becik, éndah, linuwih utawa pinunjul. Lumrahé, *susastra* banjur ditegesi piwulang becik sing basané éndah utawa ngresepaké.

Sakabèhing susastra, yakuwi sakabèhing piwulang becik sing basané éndah ngresepaké kuwi, banjur diarani kasusastran. Déné kasusastran sing basané Jawa diarani *kasusastran Jawa*.

Nalika wong Jawa isih durung ngerti ing tulis, kasusastrané awujud kasusastran lésan sing sumebaré sarana gethok tular kojah-kinojahaké, turun-tumurun saka wong tuwa marang anak putu. Bareng wong Jawa wis padha ngerti ing tulis, kasusastrané banjur awujud kasusastran tinulis. Sekawit kasusastran mau katulis ing watu, blèbèkan tembaga, godhong tal (ron tal, lontar), lan pungkasané banjur ditulis ing dlancang awujud buku.

Tulisan sing tau kanggo ing bebrayan Jawa yaiku tulisan Pallawa, tulisan Dewanagari, tulisan Jawa, tulisan Arab, sebanjuré tulisan Latin.

Manut sing nganggit, susastra kuwi ana sing diarani susastra miji, ana sing diarani susastra para. Susastra diarani susastra miji yèn susastra kuwi genah sapa sing yasa utawa sing nganggit. Déné susastra diarani susastra para yèn susastra kuwi ora kasumurupan sapa sing yasa. Susastra para dianggep susastra yasané wong akèh, utawa yasan umum.

Wong, sing yasané klebu ing éwoné susastra, diarani pujangga.

Manut nom-tuwané, kasusastran Jawa kapérang dadi telung werna, yaiku Kasusastran Jawa Kuna, Kasusastran Jawa Tengahan, lan Kasusastran Jawa Anyar.

### 1. **Kasusastran Jawa Kuna (... – tahun 1400 M)**

Basané	:	Jawa Kuna
Puseré	:	Tanah Jawa Wétan
Moncèr-moncèré	:	Jaman Kediri
Tembangé	:	Kekawin

Sing klebu éwoné Kasusastran Jawa Kuna upamané: buku Ramayana, Mahabarata, Arjunawiwa, Kresnayana, Bharatayudha, Wretasancaya, Negarakertagama, lan Sutasoma.

### 2. **Kasusastran Jawa Tengahan (tahun 1400 M – tahun 1750 M)**

Basané	:	Jawa Tengahan sing nyedhaki Kuna, lan Jawa Tengahan sing nyedhaki Anyar
Puseré	:	Jawa Wétan, Bali, lan Jawa Tengah
Moncèr-moncèré	:	Jaman Majapait
Tembangé	:	Kidung

Sing klebu éwoné wohing kasusastran Jawa Tengahan, upamané: buku Tantu Panggelaran, Calon Arang, Tantri Kamandaka, Pararaton, lan Sri Tanjung.

### 3. **Kasusastran Jawa Anyar (tahun 1750 – )**

Basané	:	Jawa Anyar
Puseré	:	Tanah Jawa Tengah

Moncèr-moncèré : Jaman Surakarta  
Tembangé : Tembang Gedhé, Tembang Tengahan,  
Tembang Macapat, lan banjur wiwit thu-  
kul puisi gagrak anyar.

Sing klebu ewoné wohing kasusastran Jawa Anyar, upamané:  
a. Sing dhapukané tembang: Suluk Wujil, Layang Ménak,  
Layang Arjunasarabau, Wicara Keras, Wulangrèh,  
Wulang Sunu, Jagal Bilawa, Centhini, Wedhatama.  
b. Déné sing dhapukané gancaran, upamané: Sakuntala, Jarot,  
Riyanta, Ngulandara, Rangsang Tuban.

## **Wulangan ka-2**

### **I. A. Wacanen kang patitis!**

#### **Budhalan Wadya Bala Pandhawa**



Lah ing kana ta wau, untaping wadya bala Pandhawa sa-kung pakuwon Darmakasétra yèn cinandra lir péndah séla ble-kithi. Séla watu blekithi semut, sinawang kadi semut lumampah ing watu, anglur selur datan ana pedhoté. Kang lumampah ing ngayun Prabu Sri Bathara Kresna dalah Radèn Janaka ka-dhèrèkaken para putra tuwin wadya ing Madukara. Telas lampahing baris Madukara sinambet baris ing Cempalaradya kang tinindhahan ing Sénapati Agung Radèn Harya Drestajumena. Telasing baris Cempalaradya nulya kasambet baris Ngamarta, Wiratha, Sawojajar, tuwin Bumiretauwu, ingkang tinindhahan

déning Prabu Matswapati, Prabu Drupada, saha Prabu Punta-déwa..

Abra busananing wadya lir péndah panjrahing pusrita. Gebyaring busana cawuh lan kumlèbèting bandéra lelayu, kelaping kakandha pedhang tamèng mawor lan kelaping payung agung, sinawang saking mandrawa pindha wredu angga sasra. Wredu lintah angga banyu sasra sèwu, kaya lintah sèwu anèng banyu bareng kumelap. Ramé swaraning janma, cawuh lan kriciking kendhali kropyaking watang gathik, pangeriking kuda myang pangeprèting dwipangga, binarung lan swaraning puksur tambur gong béri wurahan, yayah warsa kintèki. Warsa udan kintèki pejatèn, kaya udan dhumawah ing wana pejatèn. Nyarangaping langkap bedhil tumbak landhéyan pindha jati ngarang.

Prajurit sajuru-juru datan kena carup wor. Kang busana putih kumpul padha séta, tinon saking mandrawa pindha kontul neba. Kang busana kresna kumpul padha langking, kadi dhan-dhang areraton. Kang busana rekta kumpul padha abang, tinon saking mandrawa abra markata pindha wukir kawelagar. Kang busana ijo kumpul padha wilis, katon riyo-riyo kadi tanem nedhenging gumadhung. Baleduging lampah peteng ngampak-ampak, katon angendhanu pindha mendhung.

Mangkana, tan antara lampahing wadya bala Pandhawa wus manjing ing laladaning Tegal Kuru. Kacarita para raja lan para satriya nya mapan ing papan kang wus tinamtokaken. Aglar wadya Pandhawa, tanpa wilis andhendheng sungsun apipit, jejel tanpa wangenan. Sakala gelar garudha nglayang kang uga sinebut gelar kagapati wus mawujud kanthi teguh santosa, kang yekti tanggon tan gampang rinusak ing mungsu.

## B. Wangsulana kang patitis!

1. Piyé candrané budhalé wadya bala Pandhawa saka pakuwon Darmakasétra?
2. Sapa sing dadi cucuking baris?
3. Manékawarnané panganggoné para prajurit cañdrané ke-priyé?
4. Apa sing dicandra kaya warsa kintèki?

5. Apa sing candrané riyo-riyo kaya tandur lagi gumadhung?
6. Tekan ing laladan Tegal Kuru barising Pandhawa banjur kepriyé?

**C. Wacanen sing patitis, tembung sing cap-capané kandel kedalna sing trep!**

1. Sarampungipun suluk ada-ada Girisa, Ki Dhalang nyempala kothak: **dhrodhog dhog**, lajeng ginem.
2. Wonten bebasan: **dhodhog** acung-acung, tegesipun nedahaken panggénan ingkang badhé dipun pandungi.
3. Gangsanipun kalih prangkat, laras **pélog** lan laras sléndro.
4. Isi pelem namanipun **pelok**.
5. Rehning boten kénging **karembag** kanthi aris, Astina kepeksa **ginebag** ing perang.
6. Daganganipun **pepak**, kabetahan padintenan punapa kémawon wonten.
7. Rajabrananipun gusis **dipun rampog** ing kècu.
8. Menawi saèstu tindak dhateng Kedhiri, kula suwun pinarak wonten ing **rompok kula**.
9. Saking agengipun angin, kathah pentil sami **gogrog**.
10. Kapalipun ambyar **ketanggroc** ing karang.

**II. Tuladha**

Untaping **wadya bala** Pandhawa yèn cinandra **lir péndah** séla ble-kithi.

**Wadya bala** lan **lir péndah** kuwi jenengé tembung saroja.

**Wadya** tegesé padha karo **bala**, lan **lir** tegesé padha karo **péndah**. Dadi, tembung saroja kuwi tembung loro padha tegesé sing dicambah dadi siji.

**A. Tembung sing cap-capané kandel ing ngisor iki dadékna tembung saroja!**

1. **Janma** ..., **sato** ..., lan **tanem** ..., kuwi kabèh titahing Gusti Kang Murbèng Dumadi.
2. **Uripé mukti** ..., murakabi marang **sanak** ..., **kadang** ..., lan **tangga** ....

3. Swarané ramé ..., ambata rubuh.
4. Manungsa tumitah ana ing ngalami donya kinanthènan akal ... minangka sanguning uripé.
5. Sénapatining Pandhawa sekti ..., ora tedhas tapak paluning pandhé sisaning gurénda.

B. *Tembung-tembung saroja ing ngisor iki gawénen ukara sing luwes!*

- |                   |                   |
|-------------------|-------------------|
| 1. baya pakéwuḥ   | 6. angkara murka  |
| 2. nistha papa    | 7. suka rena      |
| 3. godha rencana  | 8. japa mantra    |
| 4. èdi pèni       | 9. sumbang surung |
| 5. amrik angambar | 10. njarah rayah  |

### III. Tuladha

- a. Kang busana ijo kumpul padha ijo, katon ryo-ryo kadi tanem lagi **gumadhung**. (gumadhung = gadhung + seselan um)
- b. **Mobah mosiking** atiné manungsa, Pangeran nguninganı. (mobah = obah + seselan um; mosik = osik + seselan um)
- c. Pariné wis **kumemping**, sedhélá engkas panèn. (kumemping = emping + seselan um)
- d. Radèn Gathutkaca nulya **mesat** ing gegana. (mesat = pesat + seselan um)

Tembung lingga sing karaketan ing seselan um jenengé tembung **rimbag bawa ma**.

A. *Tembung-tembung ing sajroning kurung ing ngisor iki wenehana seselan um!*

1. Aku unduhuna degan loro sing (rujak).
2. Saben dhèwèké ngajak padu, aku trima (singkir).
3. Jarot kaé wataké (gedhé).
4. Kowé kuwi dakundang bola-bali kok ora (saur), apa ora krungu.
5. Yèn kowé arep nyang omahé Nining, saka kéné mlakua ngalor, tekan prapatan cedhak pasar (énggok) ngiwa.

6. Layangané (uluk), ana ing awang-awang katon kaya manuk wulung golèk memangsan.
7. Hèh, buta, aja mung waton (wuwus)!
8. Kanggo bancakané adhimu sésuk kuwi, tukua pitik lima sing (panggang).
9. Kowé kuwi bocah lanang, nanging kok (ayu).
10. Kowé kuwi kok (bagus) temen ta, Dar, diundang bola-bali ora sumaur, éthok-éthok ora krungu.

B. *Tembung-tembung rimbag bawa ma ing ngisor iki gawénen ukara!*

- |              |              |
|--------------|--------------|
| 1. tumandang | 6. kumukus   |
| 2. lumaku    | 7. dumadi    |
| 3. kumedom   | 8. gumjudhug |
| 4. jumambak  | 9. rumiyin   |
| 5. kuminter  | 10. dumugi   |

#### IV. Tuladha

- a. séla blekithi = ၃မာဏ္ဍာဏိပါၢ
- b. tuku lenga = ၃ၢမာၢဖာ
- c. adol lenga = ၃ၢမာၢဂီၢ
- d. busana rekta = ၃ၢမာၢလုၢ
- e. dhemen rekasa = ၃ၢမိၢမာၢလုၢ

A. *Wacanen banjur turunen!*

1. ၃ၢပာၢ
2. ၃ၢနာၢ

3. ପାର୍ଶ୍ଵମହିଳା
4. ପାତାମହିଳା
5. ପ୍ରକାଶମହିଳା

B. Tulisen nganggo aksara Jawa!

- |                  |                  |
|------------------|------------------|
| 1. laler wilis   | 6. arem-arem     |
| 2. lemu-lemu     | 7. atiné ngeres  |
| 3. Rebo Legi     | 8. malem Rébo    |
| 4. dicakot lemut | 9. gelem rekasa  |
| 5. mangan lemper | 10. mundhak reja |

V. Wacanen kang patitis!

Mangkana ing saparipurnaning mbesmi kunarpané para Sénapati, Prabu Matswapati lajeng miji pisowanipun para wayah Pandhawa saha para naréndra lan satriya, perlu badhé panggalihan bab lelajenganing yuda. Ing sasampunipun bagé-binagé ing karaharjan, lajeng sami wawan sabda:

**Prabu Matswapati :** Wayahingsun Prabu ing Ngamarta, Dwawati, apa déné ing Cempala. Ing sawisé jeneng para nguningani kadibyané para sénapatining Kurawa, sarta manoni guguré putraningsun kaki Séta, Utara sarta Wratsangka, kabèh iku mau aywa karya ciliking panggalihira, temahan ulap marang kadiyaning mungsu hira.

**Prabu Puntadéwa :** Nuwun, Éyang Prabu. Kados-kados kula sakadang boten gadhah raos, alitipun ngedhap agengipun miris ing manah. Dhestun samangké punika manah kula kabaranang déning sédanipun Éyang Séta, Utara tuwin Wratsangka, sarta kurbaning wadya ingkang sakalangkung kathah.

- Prabu Kresna : Saking pamanggih kula Éyang Prabu, lam-pahing paprangan punika saweg saged kasu-merepan kawon menangipun, bilih sampun dumugi titi pungkasanipun. Ing sapunika nama taksih wiwitan, dèrèng paja-paja menawi badhé kapétang menang kawon-ipun. Wondéné ing salajengipun, kedah sami saged rebat awas, sarta limpad ing ulah kridhaning yuda. Mila kula sakalangkung mangayubagya tékadipun yayi Prabu Pun-tadéwa.
- Prabu Drupada : Nuwun, Kanjeng Éyang Prabu. Èstunipun manah kula namung kepéngin dados bétènging Pandhawa, murih kawilujengan saha jýaning yudanipun. Langkung malih ing samangké punika, ing tékad kula badhé napak tilas lelabetanipun para putra paduka tetiga ingkang tulus éklasing penggalih, séda mbélani leres tuwin adil, temahan manjing ing kajatènipun, katitik ing nalika kabasmi kunarpanipun sami sirna sareng pancaka.
- Werkudara : Matswapati, kakèkku. Tumrapé aku sakadang-kadangku kabèh ora ana rasa wedi utawa was sumelang, munggahé ngo-wel marang pati. Jer pati urip iku ora kapurba déning titah, uga ora kapurba déning mungsuh. Pati urip iku mung ana kawasané Hyang Kang Murbèng Jagat. Mula sanajan kadibyané sénapatining Kurawa iku kaliwat-liwat, iku ora bisa suminggah saka kawasaning Hyang Purba-wisésa.
- Prabu Matswapati : Para wayahingsun kabèh. Kang jeneng para aturaké iku, teka gawé gedhénéng penggalih-ingsun. Mula paribasané cincing-cincing kle-bus, paprangan bratayuda iki mesthi dèn-terusaké tanpa was sumelanging ati. Wayah

Prabu Sri Bathara Kresna baé, sayogya  
énggala andhapuk sénapatining prang  
minangka gegentine' kang wus kapracon-  
dhang.

(*Lampahan Bratayuda* II, U.J.  
Katidjo Wiropramudjo lan Kama-  
djaya)

## VI. Wacanen kang patitis, banjur tembangna bebarengan!

### Sinom

Satriya Andananjaya, lawan Sang Ngawanggapati, wus pang-  
gih ayun-ayunan, samya munggèng rata manik, padhanging kanan  
kéring, kadi baskara atempur, sarati Kresna Salya, lir Hyang Jagat-  
nata kalih, munggèng rata kumenyar pradiptanira.

Laraping rata rinengga, sumawur lir lintang riris, awor gebyar-  
ing warastrà, kumilat sirating thathit, sarawungan ngenani, amang-  
kawa angenguwung, pyuk nityaning satriya, kalihé apekik-pekit, lir  
tinimbang tajemé kang tandhing aprang.

Yayah sang Hyang Guru kembar, piñdha muksèng rata manik,  
kèndel lor kidul kang aprang, pra samya mulat ngestrèni, marang  
kang yuda tandhing, kalihé ratuning patut, tinon kadi ngilangna,  
marang langening sabumi, amenuhi sajagat sawang tinimbang.


Jejel jawatèng ngawiyat, ingkang samya aningali, yudané  
Arjuna Karna, pra samya saos wewangi, déwa mulat muriring,  
kumesar pandulunipun, éman karo kang aprang, matia salah sawiji,  
yekti murca ratuning manuswa pada.

(*Serat Bratayuda*, R. Ng. Yasadipura I)

## **Wulangan ka-3**

### **I. A. Wacanen batin!**

#### **Ngingu Tawon**



- Badri : Brem, aku arep meguru, ajarana ya!
- Bremara : Kowé ki anèh-anèh. Apa rumangsamu aku pendhita, kok kowé arep nyantrik.
- Badri : Lha rak klèru tampa. Dudu kuwi sing dakkarep-aké,
- Bremara : Lha piyé?
- Badri : Ngéné lho, Brem. Wis suwé aku kepéngin kaya kowé, kepéngin tiru-tiru ngingu tawon. Aku ajarana, ya!
- Bremara : O, kuwi ta! Yèn mung prekara kuwi, aja seme-lang. Ayo nyang mburi, dakajari!

- Badri : Wah, wah, wah! Glodhogmu akèh banget ngéné kok, Brem. Apa glodhog seméné akèhé iki wis isi kabèh?
- Bremara : Sing loro iki isih kothong. Wong lagi dakpasang wingi. Yèn kowé kepéngin weruh njeroné, sing siji iki dakbukaké.
- Badri : Mengko rusak?
- Bremara : Ora, mengko dibenakaké gampang.
- Badri : Wo, dadi glodhog kuwi njeroné ana rong sap ya, Brem.
- Bremara : Hee. Sap sing ngisor iki panggonané ratu, kanggo ngendhog. Déné sap sing ndhuwur papané tawon tukang makarya, papan kanggo nyimpen madu.
- Badri : Putih-putih sing ana ing ram-raman iki apa?
- Bremara : Kuwi lilyn. Ram-raman iki diosèr-osèri lilyn, kanggo mancing tawon supaya énggal gawé tala, tumata tharik-tharik kaya osèr-osèran iki.
- Badri : Singgetan antarané sap ngisor karo sap ndhuwur kok dibolongi cilik-cilik kuwi kanggo apa?
- Bremara : Kuwi kanggo dalané tawon tukang makarya mlebu metu saka sap siji menyang sap sijiné. Bolongan kuwi ambané digawé pas saambané awaké tawon tukang makarya, karepé, sing bisa liwat kono mung karebèn tawon-tawon tukang makarya kuwi. Tawon ratu ora bisa liwat ing kono.
- Badri : Kowé kok crita, ana tawon ratu, ana tawon tukang makarya. Kuwi cethané piyé, ta?
- Bremara : Lha rak tenan. Aku wis batin, kowé mengko mesthi nakokaké prekara kuwi.
- Badri : Mula, terangna!
- Bremara : Tawon kuwi ana werna telu. Ratu, gawéané sedina-dinané mung ngendhog. Manggoné ana ing kamar sisih ngisor. Tawon ratu sedina bisa ngendhog nganti tekan sèwu iji. Jinis tawon sing nomer loro, sing mau dakeritakaké, jénengé tawon tukang makarya. Tawon tukang makarya iki tawon wadon. Pagawéané ngrigenaké kabèh

kabutuhané tawon sabrayat. Yaiku gawé tala, tala wadhah endhog lan tala calon wadhah madu. Kajaba kuwi uga golèk pangan kanggo kabutuhané tawon saglodhog kono. Déné jinis tawon sing angka telu yakuwi tawon lanang. Tawon iki kena diarani ora duwé gawéan apa-apa. Gawéané sing mesthi nyanyi-nyanyi kanggo nglipur atiné tawon saglodhog kabèh. Cilakané, yèn mangsa paceklik, tawon-tawon lanang iki akèh sing padha dipatèni ing tawon-tawon wadon kuwi.

- Badri : Lucu, ya.
- Bremara : Hee, pancèn lucu. Ayo, saiki dakbukakaké glodhog sing wis ana tawoné.
- Badri : Aku wedi yèn dientup, ki, Brem!
- Bremara : Aja wedi. Tawon-tawon iki ora bakal ngentup yèn ora kepèpèt. Yèn keplenet utawa kagèt, tawon kuwi lagi gelem ngentup. Lha, delengen! Tanganku diencoki tawon pirang-pirang, ning ora ana sing ngentup. Tala sing pating grandhul ana kamar ngisor iki isiné endhoging tawon, malah ana sing wis netes dadi gana. Déné tala sing ana kamár ndhuwur iki isiné madu.
- Badri : Sing nyimpen madu ana njero tala kuwi sapa, Brem?
- Bremara : Sing nyimpen ya sing golèk, tawon-tawon wadon kuwi.
- Badri : Olèhé golèk menyang ngendi?
- Bremara : Nyang toko roti. E, maaf! Kaé lho, turut kekembangan kaé. Kembang sing lagi megar kaé rak kerep dirubung tawon ta? Tawon-tawon kaé ngisep madu lan njupuk tepung sariné kembang-kembang kuwi. Carané ngéné. Tawon kuwi duwé ilat. Nganggo ilaté sing istiméwa kuwi, tawon mau ngisep maduning kembang. Madu kuwi disedhot banjur disimpen ing njero wetengé. Déné carané njupuk lan nggawa tepung sariné kembang, tepung sari kuwi diglindhingi cilik-cilik banjur dijepit nganggo sikilé, digawa mabur mulih.

- menyang glodhogé. Tekan njero glodhog, tepung sari kuwi dilebokaké ana njeron tala ing kamar ngisor, kamaré ratuné. Déné madu sing mau disimpen ana ing njero wetengé, banjur diutahaké, disimpen ana njero tala ing kamar ndhuwur, kanggo sedhiyan pangan. Dadi, tala ing kamar ndhuwur kuwi ibaraté lumbung.
- Badri : Kuciwa, yèn wis mlumpuk akèh, madu sing ana ing jero lumbung kuwi banjur dijupuk manungsa ya, Brem.
- Bremara : Kuwi pancén bagéané manungsa. Sing baku, tawon-tawon kuwi aja nganti kekurangan pangan. Angger isih ana wit-witan sing kembang baé, tawon-tawon kuwi ora bakal kaliren.
- Badri : Yèn pinuju ora mangsa kembang piyé, Brem? Mesthiné jeruk, rambutan, pelem lan liya-liyané sing ana ing kebonmu iki olèhé kembang rak ya mangsan ta?
- Bremara : Kowé bener. Mung krambil sing kembangé ajeg. Nanging, yèn mung njagakaké manggar, kanggo nyepaki tawon pirang-pirang glodhog iki pancén ora cukup. Mula, yèn wit-witan pinuju ora kembang, tawon-tawon iki dakcawisi pangan gawéan.
- Badri : Apa kuwi?
- Bremara : Jenang gula sing ora pati kenthal, ning ya ora cuwer-cuwer banget. Banyuné karo gulané bandhingané siji karo siji.
- Badri : Apa ora rugi?
- Bremara : Ora. Sebab, unduhuh-unduhuhané madu, yèn didol pepayoné isih menang karo tukoné gula.
- Badri : Kaya-kaya wis gamblang, Brem, katranganmú. Mengko aku arep matur Bapak, arep tiru-tiru kowé ngingu tawon.
- Bremara : Sokur yèn wis cetha. Kapan-kapan, yèn isih ana bab-bab sing arep kotakokaké, rénéa! O, iya, kaé ngomah isih ana madu rong gendul gawanen mulih, caosna Budhé kagem campuran ngunjuk jamu.
- Badri : O, iya, matur nuwun!

## B. Wangsulana kang patitis!

1. Tawon ratu karo tawon wadon gedhé endi?
2. Apa pagawéané tawon ratu?
3. Apa tugasé tawon lanang?
4. Apa tugasé tawon wadon?
5. Sadurungé disuntak ana ing jero tala, madu sing digawa tawon wadon kuwi disimpén ana ngendi?
6. Yèn ora pinuju mangsa kembang, ngingu tawon kuwi apa kurup? Apa sababé?

## C. Wacan ing ndhuwur kuwi wacanen kang patitis, laguné sing trep!

## II. Tuladha

### 1. Bremara ngingu tawon.

Tembung "ngingu tawon" kuwi ngenggoni teges lugu. Tegesé lugu ngingu kuwi miyara kéwan murih lestariné.

### 2. Samsul bareng ngingu brengos, akèh kancané sing pangling.

Tembung "ngingu brengos" kuwi ngenggoni teges éntar, dudu teges lugu, sàbab tegesé lugu ngingu kuwi miyara kéwan murih lestariné.

### A. Tembung-tembung sing cap-capané kandel ing ngisor iki aran-ana, ngenggoni teges lugu apa teges éntar.

1. Granat sing njeblug kuwi **natoni wong-wong** sing lagi padha lunguhan ana ing ebuk.
2. Omong mono sing ngati-ati, diarah aja nganti **natoni atiné wong liya**.
3. Kanggo nragadi sekolahé anaké, Naya kepeksa **adol sapiné**.
4. Kowé kok emoh sekolah kuwi apa bésuk mung arep **adol bagus**, dlédar-dlèdèr ngalor ngidul.
5. Wong nayap kuwi mesthi **angon limpéné** sing duwé omah.
6. Saben soré Dalim **angon wedhus** ana ing ara-ara.
7. Wong sinau kuwi ibaraté **ngasah pikiran**.
8. Pédro **ngasah péso** arep dienggo ngirisi gendar.

9. Panut gawé jugangan arep dienggo **nandur gedhang**.
10. Sapa **nandur kabecikan** bakal **ngundhuh kabecikan**.

B. *Tembung-tembung éntar ing ngisor iki gawénen ukara sing luwes!*

- |                      |                           |
|----------------------|---------------------------|
| 1. angon mangsa      | 6. ngumbar hawa           |
| 2. nglakokaké dhuwit | 7. ngendhalèni hawa nepsu |
| 3. mbuwang tilas     | 8. ngatonaké siyungé      |
| 4. ngabangaké kuping | 9. nggedhèkaké puluk      |
| 5. mbukak wadi       | 10. ngangsu kawruh        |

### III. Tuladha

1. Tawon kuwi méncok ing manggar.  
Tawon kuwi = jejer  
méncok = wasésa  
ing manggar = katrangan panggonan
2. Sésuk Dakim réné.  
sésuk = katrangan wektu  
Dakim = jejer  
réné = wasésa
3. Dhawud bola-bali semaput.  
Dhawud = jejer  
bola-bali = katrangan cacah  
semaput = wasésa

*Ukara-ukara iki udhalen kaya tuladha ing ndhuwur!*

1. Wisnu wis réné ping telu.
2. Mau bengi aku ngimpi.
3. Aná kéné Yu Sri ora ngineb.
4. Embah séda rong tahun kepungkur.
5. Basuki bola-bali takon.
6. Baskara ngineb ana ing hotèl.
7. Wis ping telu iki dhèwèké dakélikaké,
8. Ana kana Pramana disubya-subya.
9. Mengko awan klambiku dadi.
10. Sésuk Dhik Bawa arep dakpethuk.

## IV. Wacan ing ngisor iki tulisen nganggo aksara Jawa!

### Tawon Madu

Tawon madu uga diarani tawon glodhog. Diarani tawon glodhog jalaran manawa tawon kuwi diingu ing uwong dipapanaké ing omah-omahan sing jenengé glodhog. Tawon kuwi diarani tawon madu amarga manawa tawon kuwi diingu ing uwong sing dipurih maduné.

Madu tawon kuwi pigunané akèh lan kasiyaté gedhé. Madu dicampur banyu jeruk nipis dadi obat watuk sing mujarab. Madu diublak karo mrice sethithik dadi jamu sing marakaké awak dadi sentosa. Wédang susu dicampuri endhog pitik lan madu marakaké awak dadi seger waras. Madu uga kerep kanggo campurané roti.

## V. Wacan ing ngisor iki ngokokna!

### Ngingah Tawon

Bapakipun Duryat ngingah tawon. Glodhogipun kathah sanget, dipun papanaken wonten ing kebon jeramipun. Wit jeram lan tawon punika bantu-binantu. Liripun mekaten. Menawi wit jeram punika pinuju nyekar, sekaripun jeram punika dados tedhanipun tawon. Sekaripun jeram punika ingkang dados tedhanipun tawon inggih punika tepung sarining sekar lan mabenipun. Nalika tawon méncok ing sekar sapérlu ngisep maben lan mendhet tepung sarinipun sekar punika, saèstunipun tawon punika boten njarag ngréncangi wit jeram ngawontenaken **penyerbukan**, inggih punika mindhah sapéranganipun tepung sari punika wonten ing **kepala putikipun** sekar punika, njalari sekar lajeng dados pentil.

Wontenipun bantu-binantunipun wit jeram lan tawon punika ingkang badhé angsal munpangatipun boten sanès bapakipun Duryat. Tawonipun badhé ngasilaken maben kathah, lan wohing jeramipun ndados. Angsal-angsalanipun anggenipun nanem jeram lan ngingah tawon saged kanggé nyampedi kabetahaning kulawarga.

## VI. Kasusastran

Ing wulangan kapisan wis dipratélkaké manawa kasusastran Jawa kuwi manut nom-tuwané kapérang dadi telu, yaiku Kasusastran Jawa Kuna, Kasusastran Jawa Tengahan, lan Kasusastran Jawa Anyar. Manut dhapukaning basané, susastra iku ana sing awujud tembang, ana sing awujud puisi anyar, lan ana sing awujud basa gancar. Tembangé Kasusastran Jawa Kuna jenengé Kekawin, tembangé Kasusastran Jawa Tengahan jenengé Kidung, déné tembangé Kasusastran Jawa Anyar ana werna telu, yaiku: tembang Macapat, tembang Tengahan, lan tembang Gedhé.

### 1. Tembang Macapat

Tembang Macapat ana sewelas. Tembang Macapat kawengku ing guru wilangan, lan guru lagu utawa dhong-dhing. Guru wilangan lan dhong-dhingé Tembang Macapat kuwi kaya kasebut ing ngisor iki:

- a. Maskumambang : 12i, 6a, 8i, 8a.
- b. Pocung : 12u, 6a, 8i, 12u.
- c. Gambuh : 7u, 10u, 12i, 8u , 8o.
- d. Megatruh : 12u, 8i, 8u, 8i, 8o.
- e. Mijil : 10i, 6o, 10é, 10i, 6i, 6u.
- f. Kinanthi : 8u, 8i, 8a, 8i, 8a, 8i.
- g. Durma : 12a, 7i, 6a, 7a, 8i, 5a, 7i.
- h. Pangkur : 8a, 11i, 8ú, 7a, 12u, 8a, 8i.
- i. Asmaradana : 8i, 8a, 8é, 8a, 7a, 8u, 8a.
- j. Sinom : 8a, 8i, 8a, 8i, 7i, 8u, 7a, 8i, 12a.
- k. Dhandhanggula : 10i, 10a, 8é, 7u, 9i, 7a, 6u, 8a, 12i, 7a.

### Tuladha

#### Pocung (Wedhatama, KGPAA Mangkunagara IV)

Lila lamun kélangan nora gegetun,  
trima yèn ketaman,  
sakserik samèng dumadi,  
tri legawa nalangsa srah mring bathara.

## Gambuh (Wedhatama, KGPA A Mangkunagara IV).

Wong seger badanipun,  
otot daging kulit balung sungsum,  
tumrahing rah mamarah antenging ati,  
antenging ati manungku,  
angruwat ruwedding batos.

### 2. Tembang Tengahan

Tembang Tengahan kuwi Tembang Macapat kuna, Tembang Macapat sing wis arang kesrambah ing layang-layang anyar.

Tembang Tengahan kuwi upamane:

- a. Jurudemung : 8a, 8u, 8u, 8a, 8u, 8a, 8u.
- b. Balabak : 12a, (3é), 12a, (3é), 12a, (3é).
- c. Wirangrong : 8i, 8o, 10u, 6i, 7a, 8a.
- d. Girisa : 8a, 8a, 8a, 8a, 8a, 8a, 8a, 8a.

### Tuladha

#### Wirangrong(Centhini, yasan jaman Sinuwun PB V)

Ya ta wau sira nuli,  
sang brangta lampahnya alon,  
ngambah jurang sengkan siluk-siluk,  
yen tinon atrebis,  
marga rumpil arampal,  
pan arang kambah ing janmi.

### 3. Tembang Gedhé

Tembung gedhé kuwi ora nganggo dhong-dhing, satiba-tibane  
kena. Mung baé Tembang Gedhé uga nganggo guru wilangan.  
Kabèh Tembang Gedhé ana patang pada pala utawa patang  
gatra. Guru wilangan ing dalem sapada-padane padha. Dadi,  
yen pada kapisan ana 6 wanda, saterusé 6 wanda kabèh. Cacahé  
wanda ing dalem sapada kuwi jenengé laku. Tembang Gedhé  
kuwi sethithik-sethithiké laku 5, akèh-akèhé laku 32.

**Tuladha**


Citramengeng, laku 12, pedhotan 6 – 6

Risang Mahayekti sawusé semèdi,  
munggwing pacrabakan dangu aningali.  
wijiling sasangka saking graning ardi  
karenan tyasira alon angandika.

## **Wulangan ka-4**

### I. A. Wacanen batin!

#### Atur Pambahya



Para pinisepuh ingkang ambek darma ingkang kinurmatan; para tamu kakung saha putri ingkang satuhu luhur ing budi ingkang kula mulyakaken.

Kula sesulihipun adhimas Wisnubrata kekalih keparenga sumela atur ngambali ngaturaken sugeng rawuh panjenengan sekaliyan.

Salajengipun, sepisan adhimas Wisnubrata kekalih ngaturaken panuwun ingkang tanpa upami, déné panjenengan sekaliyan wonten keparenging penggalih nglonggaraken wekdal rawuh wonten ing pondhokipun adhimas Wisnubrata, saperlu neksèni anggènipun adhimas Wiñnubrata sakukuban tampi

nugrahaning Gusti Ingkang Maha Asih, déné anakipun ingkang waruju pun nak ajeng Tantri Wulandari sampun pinaringan cekap anggènipun ngangsu kawruh wonten ing pawiyatan luhur Universitas Airlangga, ingkang salajengipun kala dinten Sabtu Paing surya kaping kalih dasa wulan kapengker sampun kelam-pah winisudha dados sujana sarjana ing babagan *kedhokteran gigi*.

Ingkang angka kalih, sambet kaliyan prakawis punika, adhimas Wisnubrata kekalih nyuwun tambahing pangèstunipun para pinisepuh, saha nyuwun panjurunging pandonganipun para rawuh ingkang kaleres aném, mugi-mugi nak ajeng Tantri Wulandari saged munpangataken kawruh saha kasagedanipun dhumateng sesami, minggaipun sageda munpangataken se-serepanipun tumrap kemajengan saha kaluhuranipun nusa lan bangsa.

Katiganipun, mawantu-wantu adhimas Wisnubrata nyuwun lumunturing sih samodra pangaksami, déné awit saking cupet saha sèkènging sedayanipun, adhimas Wisnubrata sakukaban boten saged nampi rawuh panjenengan kanthi papan palenggahan ingkang sekéca saha boja krama ingkang prayogi.

Wasana, adhimas Wisnubrata sakukaban nyuwun kanthi derenging manah, mugi panjenengan sekaliyan wonten keparenging penggalih nglajengaken saha nyekécakaken anggèn panjenengan sami lelenggahan ngantos paripurnaning paharyan. Wondéné ingkang sampun lumados wonten ing ngarsa panjenengan, wontena kepareng panjenengan angresepi ing sawontenipun. Nuwun.

## B. Wangsulana kang patitis!

1. Lumantar sing makili, Bapak Wisnubrata ngaturaké apa marang para tamu?
2. Apa panyuwuné Bapak Wisnubrata marang para tamu tumrap putrané sing lagi lulus dhokter?
3. Apa sing dijalukaké pangapurane para tamu?
4. Pungkasane Bapak Wisnubrata nyuwun apa marang tamu-tamuné?

### C. Wacanen sing patitis, tembung sing cap-capané kandel kedalna sing trep!

1. **Wasana** Adhimas Wisnubrata mawantu-wantu nyuwun kanthi derenging manah keparenga para rawuh nyekécakan anggènipun sami lelenggahan.
2. **Wadana** kuwi tembung basa kawi, tembungé saiki rai.
3. **Dahana** uga tembung kawi, tembungé saiki geni.
4. Nalika ana **prahara** kaé, ing désaku akèh omah ambruk.
5. Kamardikan kuwi **sarana** kanggo nggayuh kamulyan.

## II. Tuladha

- a. Adhimas Wisnubrata kekalih tampi (**kanugrahan**, **ganjaran**, **bebingah**), anakipun ingkang waruju lulus sinaunipun wonten ing pawiyatan luhur Universitas Airlangga.
- b. Adhimas Wisnubrata kekalih tampi **kanugrahan**, anakipun ingkang waruju lulus sinaunipun wonten ing pawiyatan luhur Universitas Airlangga.

### A. Tembung-tebung njeron kurung ing ngisor iki pilihan sing cocog karo ukarané!

1. Sultan Adiwijaya paring (kanugrahan, ganjaran, bebingah) dhumateng Danang Sutawijaya, dénéng Danang Sutawijaya sampun saged nyédani Ariya Penangsang.
2. Sanèsipun arupi buku, kula ugi tampi (ganjaran, kanugrahan, bebingah) arupi piyagam.
3. Para ratu sèwu negari sami (mangayubagya, nayogyani, nyarujuki) tékadipun kadang Pandhawa anggènipun badhé ngrebat negari Astina ingkang sepalih.
4. Kula dipun timbali Pak Lurah, kadhwuhan (neksèni, ningali, nyumerepi) anggènipun Bapak badhé makafaken kagunganipun siti.
5. Kula boten matur dora, kula (sumerep, ngénangi, neksèni) piyambak kedadosan ingkang kula cariyosaken punika.

## B. Tembung-tembung ing ngisor iki gawénen ukara sing trep!

1. dientèni; diadhang
2. dilapuraké; dicritakaké
3. disrengeni; dikandhani
4. ditakoni; dipethèki
5. diréwangi; dilabuhi

## III. Tuladha

### Wayangan

Pak Lurah mantu, olèhé wayangan sedina sewéngi.

Wayangan = nanggap wayang

*Tembung-tembung ing ngisor iki gawénen ukara, banjur terangna tegesé kaya tuladha ing ndhuwur!*

- |              |              |
|--------------|--------------|
| 1. sukurán   | 6. atusan    |
| 2. selapanan | 7. tangisan  |
| 3. ganjaran  | 8. saringan  |
| 4. mentahan  | 9. sarungan  |
| 5. sabrangan | 10. mentalan |

## IV. Tulisen nganggo aksara Jawa!

1. Wetengku kraša lara.
2. Murtana lara mripat.
3. Tarsi tuku mrica karo trasi.
4. Olèhmu cekelan aja nganti mrucut.
5. Omahku trocoh.
6. Sing gemi, aja ngebrèh.
7. Bremana nyukur brengos.
8. Bagya nunggang kréta.
9. Sing nyuling kaé Prasetya.
10. Murtaji byur-byuran ana ing kolam renang.

## V. Pacelathon ing ngisor iki owahana nganggo basa krama!

- Bagya : Sih, omahé tanggamu kaé kok regeng duwé gawé apa?  
Narsih : Yén ora klèru arep sukurañ.  
Bagya : Sukuran apa?


- Narsih : Kowé rak ngerti Mbak Wulan, ta?
- Bagya : Mbak Wulan généya?
- Narsih : Mbak Wulan rampung kuliyahé, kabaré malah wis entuk gawéan tugas ana ing Puskesmas Kriyan.
- Bagya : O, Mbak Wulan ki dhokter ta?
- Narsih : Hee, dhokter gigi.
- Bagya : Wah, seneng ya, Sih. Lagi lulus terus éntuk gawéan..
- Narsih : Wong kuwi padha duwé beja dhéwé-dhéwé. Kaya Mbak Wulan kuwi, pinter tur beja.
- Bagya : Bejané?
- Narsih : Lha ya kuwi, lagi lulus wis terus éntuk gawéyan. Rak akèh ta, wong pinter ning ora beja. Golèk gawéan rana-rana ora tumuli éntuk.
- Bagya : Lha yèn ngono kuwi terus piyé, Sih?
- Narsih : Setiyar terus, nganti saéntuké. Sokur bagé ora njagak-aké gawéan pawèwèhing liyan.
- Bagya : Karepmu piyé?
- Narsih : Karepu, ora nyambutgawé mèlu wong liya, nanging *berwiraswasta*, aliyas mandhirèng pribadi.
- Bagya : Cocog kuwi, Sih. Idham-idhamanku wiwit biyèn ya kaya sing kokandhakaké kuwi, *berwiraswasta*.
- Narsih : Kuwi kabèh prekara bésuk, sing penting saiki sinau mempeng.
- Bagya : Cocog, sinau mempeng satutuge. Ora pati-pati lèrèn yèn pikiran isih gaduk lan wong tuwa isih saguh ngragadi. Rak ya ngono ta, Sih.
- Narsih : Kandhamu ora klèru.

## VI. Sesorah atur pambahya sukuran ing pérrangan kapisan apalna ana ing ngarep kelas!

## **Wulangan ka-5**

### **I. A. Wacanen kang patitis!**

**Persami**



Kak Prapta : Adhik-adhik, minggu ngarep mengko gugus-depané dhéwé sida nganakaké Persami, Perkemahan Sabtu Minggu.

Andri : Saèstu wonten lapangan Kecamatan, Kak?

Kak Prapta : Ora, nèng lapangan sekolahane dhéwé baé. Sing mèlu Persami mengko mung bocah klas telu. Dadi, ana ing lapangan sekolahane dhéwé baé cukup.

Bawa : Malah kleresan, Kak. Mangké menawi jawah saged mlebet klas. Tiyang sapunika taksih mangsa jawah.

- Retna : Tur anggènipun pados toya gampil, kantun mompa utawi muter kran.
- Badrus : Menawi badhé dhateng wingking ugi boten tebih.
- Kak Prapta : Pramuka kok mung seneng golèk gampang.
- Retna : Punika wau rak namung dhawah kleresan. Sejatosipun wonten ing pundi kémawon sagah.
- Dewi : Inggih, Kak, mbok wontena ing panggénan ingkang tebih toya lan tebih punapa kémawon. Pramuka boten badhé ngresula.
- Kak Prapta : Kuduné pancèn ngono. Pramuka ora kena ringkih atiné. Pramuka kudu tabah. Iki ngéné. Kanggo sarat mèlu Persami, kaya adat saben, Adhik-adhik kudu olèh idin saka wong tuwa. Iki Kak Prap wis nyawisaké blangko layang idin saka wong tuwamu, isè-nana!
- Badrus : Sanèsipun punika punapa ingkang kedah kula cawisaken, Kak?
- Kak Prapta : Kaya adaté kaé, sakabèhing ubarampé kanggo *berkémah*. Upamané téndha saubarampéne, beras saubarampéne, piranti kango mangsak, piranti kanggo turu, lan aja lali obat-obatan PPPK. Prakara téndha, rèhne téndhané dhéwé kurang, mengko regu sing arep nyilih téndha menyang Gudep liya dakgawani layang. Mangké kula nyuwun serat, Kak, kula badhé pados sambutan téndha!
- Andri : Mangké kula nyuwun serat, Kak, kula badhé pados sambutan téndha!
- Bawa : Kula inggih, Kak.
- Kak Prapta : Sing butuh, mengko kabèh dakwènèhi.
- Galih : Adatipun sekolahan maringi bantuan ragad kanggé kabetahanipun regu. Punapa mangké saben regu ugi tampi bantuan, Kak?
- Retna : Wah, Galih, usul pisan baé prekara bantuan! Saru, ah!
- Kak Prapta : Kuwi ora saru, Retna. Pramuka mono pancèn kudu blak-blakan. Mesthiné Galih rak nalurèk-aké adat sing uwis, Rak ya ngono ta, Galih?

- Galih : Inggih, Kak. Kula namung nalurèkaken adat ingkang sampun kelampahan.
- Kak Prapta : Aja kuwatir. Wingi Kak Mabigus. Bapak Kepala Sekolah, ngendika, manawa sekolahan arep maringi bantuan. Nanging gedhé ciliké bantuan Kak Mabigus ora ngendika lan Kak Prap uga ora nyuwun priksa.
- Saiki ngéné. Wahyu, blangko iki dumen. Yèn uwis. Adhik-adhik banjur padha ngisènana blangko iki apa mesthiné. Mung baé, bab tulisan *tidak mengizinkan* utawa *mengizinkan*, aja ana sing kocorèk dhisik. Mengko sing milih lan sing nyorèk karebèn wong tuwamu dhéwé. Nanging, yèn ora ana bab liya sing luwih wigati, beciké wong tuwamu suwûnen lilané. Kowé kabèh rak padha ngerti ta, pigunané *berkémah*?
- Dayat : Ngertos sanget, Kak. Antawisipun kanggé nglatih gesang mandhirèng utawi *berdikari*, lan, ugi nglatih gesang sesareangan kaliyan tiyang sanès, gesang *bermasyarakat*.
- Wahyu : Boten kawon wigatosipun, inggih punika ngipuk-ipuk raos tresna dhateng sasami lan dhateng alam saisinipun, lan ....
- Alip : ... ugi mewahi kandeling iman lan takwâ dhumateng Gusti Ingkang Akarya Jagat.
- Badrus : Wah, Alip, nyaut baé!
- Alip : Nanging rak bener ta?
- Kak Prapta : Bener, kowé kabèh pancèn bener. Mula, yèn ora kepeksa ana *acara* liya sing luwih wigati, kowé kabèh prayogane padha mèlua! Enya, blangko layang idin iki tumuli dumen!

## B. Wangsulana kang patitis, nganggo basa krama!

1. Bocah klas telu arep nganakake apa?
2. Persami kuwi cekakané tembung apa?
3. Apa munpangaté berkémah?

4. Wong berkémah kuwi ubarampéne apa baé?
5. Pramuka kudu duwé watak kepriye?

### C. Ukara-ukara pitakon iki wacanen kang patitis, laguné sing trep!

1. Saèstu wonten ing lapangan kecamatan, Kak?
2. Sanèsipun punika, punapa ingkang kedah kula cawisaken, Kak?
3. Punapa mangké saben regu ugi tampi bantuan, Kak?
4. Rak ya ngono ta, Galih?
5. Kowé rak padha ngerti ta, munpangate berkémah?
6. Nanging rak bener ta?

### II. Tuladha

Laré-laré ngawontenaken Persami wonten ing lapangan sekolahán.

*Tembung-tebung ing ngisor iki gawénen ukara sing luwes, kaya tuladha ing ndhuwur!*

- |                |                      |
|----------------|----------------------|
| 1. téndha      | 6. tri satya         |
| 2. berkémah    | 7. dwi darma         |
| 3. api unggun  | 8. dasa darma        |
| 4. napak tilas | 9. semapur           |
| 5. tali-menali | 10. jamboré nasional |

### III. Tuladha

Téndhané ditambal nganggo terpal.

Téndhané	:	jejer
ditambal	:	wasésa
nganggo terpal	:	katrangan piranti

#### A. Ukara-ukara iki udhalen kaya tuladha!

1. Banyune ditadhahi nganggo èmbèr.
2. Wit gedhang iki dicongkog nganggo pring.
3. Sikil méja kuwi diganjel nganggo tugelan bata.
4. Dhèwèke nyabrang nganggo gèthèk.

5. Cendhéléné dijugil nganggo linggis.
6. Poteloté diongoti nganggo grénda.
7. Tangané diblebed nganggo perban.
8. Dhuwité dibuntel nganggo kertas koran.
9. Lumuté dikerok nganggo bendho.
10. Sardi nampani nganggo tangan teñgen.

#### B. *Gawéa ukara nganggo katrangan piranti kasebut ing ngisor iki!*

1. nganggo pulas
2. nganggo gelas
3. nganggo tali rami
4. nganggo lim plastik
5. nganggo keris

#### IV. Gawaéa karangan cekak kanthi irah-irahan: Minggah Redi!

Bab-bab sing perlu kotulis ana ing sajroning karanganmu kuwi upamané:

1. munggah gunung kuwi klebu éwoné olahraga
2. munpangaté olahraga munggah gunung
3. bab-bab sing wigati sing kudu digatèkaké yén kowé arep munggah gunung
4. bebayané munggah gunung

Bab-bab kuwi anggonmu nyritakaké kena kowolak-walik, endi sing arep kocritakaké dhisik lan endi sing arep koenggo panutuping karanganmu. Sing penting, critamu kudu runtut, tulisanmu cetha lan bener.

#### V. Pacelathon ing ngisor iki owahana nganggo basa krama!

- Wulan : Vin, kowé wis éntuk silihan téndha?
- Vivin : Uwis, olèhku nyilih menyang Gudep Šaka Taruna-Bumi.
- Wulan : Ya nganggo layang saka Kak Prapta?
- Vivin : Hee. Wingi aku karo Ratih sowan Kak Prapta nyuwun layang kanggo nyilih téndha kuwi.
- Wulan : Aku terna sowan Kak Prapta, ya, Vin. Aku ya arep nyuwun layang kanggo golèk silihan téndha.

- Vivin : Kowé arep golèk silihan menyang ngendi, Wul?
- Wulan : Kandhané Ndari, Gudep 007 SMP 5 duwé akèh. Aku arep nyilih rana.
- Vivin : Hee, SMP 5 pancèn duwé téndha akèh tur apik-apik, wong isih anyar.
- Wulan : Besuk, kanggo ngisèni acara api unggun regumu arep ngetoni apa, Vin.
- Vivin : Wah, aku karo kanca-kanca durung mikir. Lha regumu piyé?
- Wulan : Aku ya durung mikir. Ning, sajaké wingi Ndari ngajak ngetoni sosiodrama.
- Vivin : Bab apa?
- Wulan : Perjuwangané Cut Nyak Dien, yèn ora klèru.
- Vivin : Wah, apik kuwi. Upama durung kopilih, aku ya kepéngin ngetoni sosiodrama bab kuwi.
- Wulan : Regumu besuk sing arep ngetoni lomba PPPK sapa, Vin?
- Vivin : Wingi kança-kança milih Mariyam karo Nanik Jalaran, Mariyam karo Nanik mèlu kegiatan PMR. Dadi, bab PPPK mesthiné wis mumpuni.
- Wulan : Ya wis, ayo Vin, sowan Kak Prapta. Aku arep nyuwun layang kanggo nyilih téndha, mengko mundhak selak ora komanan téndha.
- Vivin : Ayo, dakteraké.

## VI. Wacan ing ndhuwur, Persami, apalna karo kanca-kancamu ana ing ngarep klas! Ana sing dadi Kak Prapta, ana sing dadi Andri, ana sing dadi Bawa, ana sing dadi Retna, ana sing dadi Badrun, lan sapituruté!

## **Wulangan ka-6**

### **I. A. Tembangna bebarengan!**

#### **Rerepèn (Pangkur)**

1. Jirak pindha munggwing wana, (kesambi)  
sayèng kaga wé rekta kang muroni, (kala, anggur)  
**nyenyambi kalaning nganggur,**  
wastra tumrap mastaka, (iket)  
**pangiketé** wangsalan kang sekar pangkur,  
baon sabin ing nawala, (karya)  
**kinarya** langen pribadi.
2. Sénthé lit sasanèng arga, (kajar)  
lenging roga mina kinarya dhesthi, (planjer, dhuyung)  
**nglelejar lajering wuyung,**  
sikatan bang ngrembaka, (soka)  
**pinisuka** kasukan saananipun, (purnama)  
wimbaning kang candra wéla,  
mrih **purna** pranawèng kapti.
3. Sarkara drawa linama, (kilang)  
gelang swéda kramané marah siwi, (ali-ali, mulang)  
**ilang laliyèng wulangun,**  
mundhu lit dhaonira, (claket)  
**lumeketing** kayuwananirèng kayun,  
parab madyaning Pandhawa, (Arjuna)  
**sarjua arjaning dhiri.**
4. Singgang gung kang piniyara, (winih)  
mardi siswa kekawinirèng èstri, (mulang, wadu)  
**winèh winulangken wadu,**  
peputut mong Pregiwa, (Janaloka)  
kang suméwa paséwakaniné **kalangun,**  
pangrantamirèng pradangga, (sendhon)  
**sesendhonan** genti-genti.

5. Wicara tanpa karana,  
bebasané janma nunggal sapanti,  
**ngayawara** tanpa **dunung**,  
sampang panggilap wreksa,  
**peprenésan** linaras resmining kayun,  
narmada lit ngalang marga,  
tan **liya** amung ngrerepi.

(ngayawara)  
(dunung)  
(prenis)  
(kali)

(*Rerepèn*, KGPAA MN IV)

### B. Wangsulana kang patitis!

1. Ukara endi sing mratélakaké manawa pangarangé tembang Pangkur kuwi mung disambi nalikané nganggur?
2. Gatra endi sing mratélakaké manawa anggoné ngarang rerepèn kuwi kanggo nglipur ati sing lagi sedhih?
3. Wangsalan sing endi sing ngandhakaké manawa pangrakité tembang Pangkur kuwi mung kanggo nyenyeneng atiné dhéwé?
4. Mundhu sing godhongé ciyut kuwi jenengé apa? Ana ing ukara wangsalan ing kono ditebus nganggo tembung apa?
5. Cantrik utawa puthut sing momong Pregiwa jenengé sapa? Ing wangsalan kono ditebus nganggo tembung apa?
6. Wangsalan kuwi ukara kaya déné cangkriman nanging mawa batangan. Batangané mung disrèmpèt sapérangan, dumunung ing sajroning ukara sing dadi isiné wangsalan kuwi. Coba isiné rerepèn kuwi wacanen tanpa maca "cangkrimané".

### C. Ukara-ukara iki wacanen sing patitis, tembung sing cap-capané kandel kedalna sing trep!

1. **Pindha** kuwi tembung kawi, tegesé kaya.
2. Wacan iki wis dakwaca **pindho**, nanging aku durung ngerti maksudé.
3. Aku ora mlebu sekolah jalaran lara.
4. Anaké **loro**, kedhana-kedhini.
5. Dakentèni ora teka, sing **teka** mung layangé.
6. Ésuk-ésuk ngombé teh **téko** gulané batu, pacitané jadah gorèng, wah nyamlengé.

7. Sandhangané diwadahi **keba**, yaiku kanthong gedhé kang digawé nam-naman méndhong.
8. Dhadhungawuk angon **kebo** bulé páncal panggung, cacahé patang puluh.
9. Lawangé **menga**, mesthine sing duwé omah ana.
10. Diundang ora gelem **méngo**, apa manèh mangsuli.

## II. Tuladha

Lenging roga mina kinarya **dhesthi**.

Roga, mina, kinarya, lan dhesthi kuwi tembung kawi. Tembungé saiki: roga ateges lara, mina iwak loh, kinarya ateges kanggo gawé, dhesthi tegesé piala utawa srana kanggo ngguna gawé (nggunani).

A. *Mara tembung-tembung kawi sing cap-capané kandel ing ngisor iki terangna tegesé!*

1. Jirak **pindha** munggwing wana.
2. Sayèng **kaga wé** rekta kang muroni.
3. **Wastra** tumrap mastaka.
4. Baon sabin ing **nawala**.
5. Kinarya langen **pribadi**.
6. Sénthé lit **sasanèng arga**.
7. **Wimbaning** kang **candra wéla**.
8. Mrih purna pranawèng **kapti**.
9. Gelang **swéda** kramané marah siwi.
10. Lumeketing kayuwananirèng **kayun**.
11. Parab **madyaning** Pañdhawa.
12. Pangrantamirèng **pradangga**.
13. Bebasané **janma** nunggal sapanti.
14. Sampang panggilap **wreksa**.
15. Narmada lit ngalang **marga**.
16. **Tan liya** amung ngrerepi.

B. *Tembung-tembung kawi ing ngisor iki gawénen ukara sing luwes!*

- |             |           |
|-------------|-----------|
| 1. wilis    | 6. sato   |
| 2. séta     | 7. janma  |
| 3. pita     | 8. éka    |
| 4. langking | 9. purwa  |
| 5. rekta    | 10. akasa |

### III. Tuladha

Pinisuka kasukan **saananipun**.

**Saananipun** asalé saka tembung **lingga ana**, olèh **ater-ater sa lan panambang ipun**. (sa + ana + ipun)

Saananipun tegesé pira anané.

A. *Tembung-tembung mawa ater-ater sa ing ngisor iki terangna tegesé!*

1. Dhuwité ditukokaké gula, uyah, janganan lan beras **saliter**.
2. **Sasoré** bendhé lungguh nèng ngarep TV kok ora kesel.
3. Ana ing Surabaya Kotik **sapondhokan** karo Lestari.
4. Aku mau weruh ula gedhéné **sauwit pucang**.
5. Santosa boyong menyang Sumatra **saanak-bojone**.
6. **Sarampungé** nggarap PR, Tuji ngajari adhiné matématica.
7. Surip **sasasiné** diblanja pitung puluh lima èwu.

B. *Tembung-tembung mawa ater-ater sa ing ngisor iki gawénen ukara sing luwes!*

- |             |               |
|-------------|---------------|
| 1. sahèktar | 5. sagudèle   |
| 2. sakésuk  | 6. sapungkure |
| 3. saasrama | 7. satauné    |
| 4. salengen |               |

### IV. Tembang Dhandhanggula sapada ing ngisor iki tulisen nganggo aksara Jawa!

Carang wreksa ingkang jamang tambir,  
ora gampang wong mengku negara,  
baligo amba godhongé,  
kudu santosèng kalbu,  
tengarèng prang andhéging riris,  
dèn teteg tranging cipta,  
sendhang niring ranu,  
sasat ana ing palagan,  
kasang toya garinging mina jaladri,  
yèn apes kawirangan.

## V. Pacelathon ing ngisor iki wacanen kang patitis!

### A. Dhialèk Ngayogyakarta

Bu Eli : Lo, kok kowé, Mbok? Takarani sapa tamuné.  
Wis suwé lehmu ngenteni?

Mbok Merta : Sampun, Ndara.

Bu Eli : Iki mau aku rak *agi* adus. Dikandhani nèk ana  
tamu. Takarani sapa. Dha slamet ta, Mbok  
Merta?

Mbok Merta : *Injih*, pangèstunipun Ndara sami saras kême-  
won. Ndara rak *injih* sami wilujeng ta?

Bu Eli : Ya kaya ngéné iki, Mbok. Wah, ya kaya  
ngéné, Mbok Merta, ... supek banget omahku.  
Wis cilik ... gèk barang-barangé kaya ngéné  
akèhé. Tempat tidur lima waé sing bisa dipa-  
sang ming loro.

Mbok Merta : La punika, méja kursi kilèn punika *njih*  
namung dipun tumpuk.

Bu Eli : Ha ya kuwi! Mangka barang-barang saka  
Jakarta durung teka kabèh. Anu kok, Mbok,  
... takkón aja dikirim dhisik, sadurungé aku  
éntuk omah sing gedhé.

Mbok Merta : *Injih*, Ndara. Tenèh mangké dospundi yen  
barang-barang dhateng, papan derèng wonten.

Bu Eli : La wong ndara kakung swargi ki remenané  
tetuku barang-barang ta, Mbok. Mangka dhék  
semana ndara kakung kuwi apa-apa *ming* kari  
aba. Barang-barang prasasat teka dhéwé.

Mbok Merta : O, *injih*. Ndara Reny kok boten ketingal  
punika, Ndara?

Bu Eli : Ah embuh iki mau! Sajaké kok latihan renang.

Mbok Merta : Renang punika menapa, Ndara?

Bu Eli : Renang ki ... nglangi.

Mbok Merta : O ...!

Bu Eli : Aku ki jané rak selak sedhih manggon nèng  
kéné ki. Tumrap aku keciliken omah iki, sena-  
dyan aku ki *ming* batih loro karo anakku Reny.  
Ha iya ... terus piyé lèhmu nggolèkké omah,  
Mbok?

Mbok Merta : Marak kula mriki punika rak badhé nyaosi katrangan anggèn kula dipun utus.

Bu Eli : Ha iya, terus piyé? Olèh gawé ora? Coba ta, kowé weruh dhiéwé ... barang larang-larang dha pating pethethék kaya ngéné. Selak sebah atiku jé, Mbok.

.....

(*Golèk Séwan Omah*, Kus Sudyarsana, *Bunga Rampai Sastra Jawa Mutakhir*, J.J. RAS)

## B. Dhialèk Banyumas

Biyung : Ya, Allah, jebulanè kiyé agi wiwit baé. *Dènén* si ora, mau gugup baè kesusu-susu mangkat.

Bapa : E, mbokké kiyé, keprigèn si. Wong mau nang *gili* kana kepethuk kang Naya jeré. Dhèwèkké wis sekang pasar. Jarè nyangking bodin sapikul baè wis payu 4000 pèrak.

Biyung : Busèt-busèt. *Dènén* payu temen *si ya*. Mbok digelis, bodiné *dhèwèk* kiyé dibukak.

Bapa : Mulané kiyé tak gasiki si apa. Wis *nganah* Mbokké, dibakarena bodin sisan. Dadi mengko *inyong* ngaso, bodinè wis mateng.

Biyung : *Mengkin* Samin mawon bapakké. Wong kula ajeng olah-olah jerè,

Bapa : Ya, Allah, sadhèlèt baé. Nèk Samin kon ngè-nèh sing angon keboné si sapa.

Biyung : Enggih ta mpun. Mriki kula *brongosaken* sadhèlèt.

(*Medan Bahasa Basa Jawi* nomer 4, April 1957  
Tahun II)

## VI. Pethikan ing ngisor iki tembangna!

### Gambuh

1. Sekar Gambuh ping catur,  
kang cinatur polah kang kelantur,  
tanpa tutur ketula-tula ketali,  
kadaluwarsa kepatuh,  
katutuh pan dadi awon.
2. Aja nganti kebanjur,  
sebarang polah kang nora jujur,  
yèn kebanjur sayekti kojur tan becik,  
becik ngupayaa iku,  
pitutur ingkang sayektos.
3. Tutur bener puniku,  
sayektiné apantes tiniru,  
nadyan metu saking wong sudra papèki,  
lamun becik nggoné muruk,  
iku pantes sira anggo.
4. Ana pocapanipun,  
adiguna adigang adigung,  
pan adigang kidang adigung pan èsthi,  
adiguna ula iku,  
telu pisan mati sampyoh.
5. Si kidang umbagipun,  
ngandelaken kebat lampahipun,  
pan si gajah ngandelaken géng ainggil,  
ula ngandelaken iku,  
mandiné kalamun nyakot.
6. Iku upaminipun,  
aja ngandelaken sira iku,  
sutèng Nata iya sapa kumawani,  
iku ambéké wong digung,  
ing wasana dadi asor.


7. Adiguna punika,  
ngandelaken kapinteranipun,  
samubarang kabisan-dipun dhèwèki,  
sapa bisa kaya ingsun,  
tosing prana nora énjoh.
  8. Ambek adigang iku,  
ngungasaken ing kasuranipun,  
paratantang cindhala anyenyampahi,  
tinemenan nora pecus,  
satemah dadi geguyon.
  9. Ing wong urip puniku,  
aja nganggo ambek kang tetelu,  
anganggoa rèreh ririh ngati-ati,  
dèn kawangwang barang laku,  
kang waskitha solahing wong.
- .....

(*Wulangrèh, Ingkang Sinuwun Paku Buwana IV*)

## Wulangan ka-7

### A. Wacanen batin!

#### Pemilihan Umum



Negari Republik Indonesia punika negari *demokratis* ingkang adhedhasar PANCASILA lan Undang-Undang Dasar taun 1945. Tembung *demokrasi* asalipun saking basa Yunani *demos* lan *kratia*. *Demos* ateges rakyat, lan *kratia* ateges papréntahan. Negari demokratis inggih punika negari ingkang panguwaosing papréntahanipun wonten ing tanganing rakyat. Dados, ing negari demokratis punika ingkang kuwaos rakyat. Liripun, sadaya pranataning negari ingkang yasa saha ingkang netep-åken rakyat, lumantar para wakilipun.

Ing Negari Republik Indonesia bebadan ingkang dados wadhahipun para wakiling rakyat punika kawastanan *Dewan Perwakilan Rakyat* kacekak DPR, saha *Majelis Permusyawarat-*

*an Rakyat* dipun cekak MPR. Para warganeting MPR punika sedaya warganipun DPR kawewahan para utusanipun golongan lan para utusan dhaerah. Warganipun MPR tikel kalihipun warganeting DPR.

Para wakilipun rakyat ingkang sami lenggah wonten ing *Dewan Perwakilan Rakyat* punika kapilih lumantar *Pemilihan Umum*, utawi Pemilu. Rakyat Indonesia ngawontenaken Pemilu gangsal taun sepisan. Dados, saben gangsal taun sepisan rakyat Indonesia milih para wakilipun ingkang pinitados lenggah wonten ing *Dewan Perwakilan Rakyat* punika.

Pemilihan Umum punika sipayitipun langsung, umum, bébas, lan wados. *Umum* tegesipun sadhéngah bangsa Indonesia ingkang manut pranatan sampun kénging milih utawi wenang pinilih, kénging tumut Pemilihan Umum punika. *Langsung* tegesipun rakyat anggènipun nindakaken Pemilihan Umum boten dipun wakili tiyang sanès. *Bébas* tegesipun rakyat wenang milih wakilipun sinten kémawon, boten wonten tiyang utawi golongan sanès wénang meksa. Déné *wados* tegesipun boten wonten tiyang ingkang wenang sumerep pilihanipun tiyang sanès.

Negari wonten ing panguwaosipun rakyat. Ing ngriki boten ateges rakyat lajeng kénging tumindak sapurunipun piyambak. Rèhning negari sampun wonten ing panguwaosipun rakyat, rakyat kedah ngertos dhateng kuwajiban saha tanggal jawabipun dhateng negari lan bangsanipun. Pranataning negari ingkang karacik saha katetepaken déning rakyat lumantar para wakilipun kedah kaenut, supados lampahing paprétahan saha lampahipun gesang bebrayan rancag nir ing sambékala. Lancar-ing lampahipun paprétahan lan gesang bebrayan badhé mahani ayem tentrem lan karta raharjanipun bangsa lan negari.

## B. Wangsulana kang patitis!

1. Tembung **demokrasi** kuwi asalé saka basa apa, lan apa tegesé?
2. Negari **demokratis** kuwi negara sing kepriye?
3. Ana ing negara kang **demokratis** apa rakyat kena tumindak sakarepé dhéwé?

4. Saben pirang taun sepisan bangsa Indonesia nganakake Pemilihan Umum?
5. Pemilihan Umum kuwi sipaté kepriye? Terangna!

### C. Ukara-ukara iki wacanen sing patitis!

1. Sapa wongé ora serik, diunèk-unèkaké ana ing ngarepane wong akèh.
2. Ngendi ana wong mati bali nèng donya.
3. Ngendi ana wong tuwa nggegadhang anaké dadi durjana.
4. Sapa ora seneng atiné, dikabari anaké lulus sekolahé.
5. Apa pantes dituturi wong tuwa mangsuli sakecap genti sakecap ngono kuwi.

## II. Tuladha

Jarot **dipilih** kañca-kancané dadi ketua klas.  
**Dipilih** tegesé ditetepaké.

A. *Mara tembung-tembung sing cap-capane kandel ing ngisor iki terangna tegesé kaya tuladha!*

1. Wong tuwa ora **pilih asih** marang anak-anaké.
2. Tékadé bangsa Indonesia **pilih mati** tinimbang dijajah bangsa liya.
3. Sing ndhèrèkaké tindaké sang Sénapati kabèh **prajurit pilihan**.
4. Kadigdayané sang Sénapati **pilih tandhing**.
5. Ora **pilih drajad**, ora **pilih pangkat**, sapa baé bisa ngusadani gerahé sang Putri bakal didhaupaké karo sang Putri.
6. Pemilihan Umum wis **kelakon** kanthi slamet lan rancag.
7. Aku ajarana **lakuné étungan** iki.
8. Lulus SMP umurku **limalas taun mlaku**.
9. Jarit bathikan Lasem yèn didol ana ing Sala **ora laku**.
10. Tembang Gedhé Citramengeng kuwi **laku 12** pedhotan 6 – 6.

B. *Tembung-tembung iki gawénen ukara sing luwes!*

- |                     |            |
|---------------------|------------|
| 1. nggantung laku   | 4. lelaku  |
| 2. lakuning satriya | 5. lakon   |
| 3. ahli laku        | 6. lelakon |

### III. Tuladha

- a. Lampahipun papréntahan rancag. (J/W)
- lampahipun papréntahan : jejer  
    rancag : wasésa
- b. Papréntahan lampahipun rancag. (J/ $\frac{W}{J}$ )
- Papréntahan : jejer  
    lampahipun rancag : wasésa  
(lampahipun: jejer; rancag: wasésa)

Ukara kapisan ukara lamba, ukara kapindho ukara camboran.

*Ukara-ukara iki uidhalen kaya tuladha!*

1. a. Klambiné Binu anyar.  
      b. Binu klambiné anyar.
2. a. Kali kuwi banyuné bening.  
      b. Banyuné kali kuwi bening.
3. a. Basuki gambarané apik.  
      b. Gambarané Basuki apik.
4. a. Hawa tanah pegunungan kuwi seger.  
      b. Tanah pegunungan kuwi hawané seger.
5. a. Bocah kuwi patrapé ngresepaké.  
      b. Patrapé bocah kuwi ngresepaké.
6. a. Bapak keboné akèh.  
      b. Keboné Bapak akèh.
7. a. Putrané Bulik pinter-pinter.  
      b. Bulik putrané pinter-pinter.
8. a. Garapané Sardi salah kabèh.  
      b. Sardi garapané salah kabèh.
9. a. Untuné Sundari gingsul.  
      b. Sundari untuné gingsul.
10. a. Gandhung kancané akèh.  
      b. Kancané Gandhung akèh.

#### IV. Tuladha

1. fakir miskin :

ଫକିରିମିନ୍ଦୁ

2. khusnul khatimah :

ଖୁସ୍ନୁଲ୍ ଖେତିମା

3. zakat fitrah :

ଜାତାଧାରୀଖେ

4. barang ghaib :

ବୋଗାର୍ତ୍ତାଖେ

5. lagi dzikir :

ପାଣିହିନ୍ଦି

ଖି

(kh)

ଫି

(f)

ଶି

(z)

ଘି

(gh)

ଦି

(dz)

Jenengé aksara rékan, kanggo nulis tembung manca, upamané tembung Arab.

*Tulisen nganggo aksara Jawa!*

- |                  |                 |
|------------------|-----------------|
| 1. khalifah      | 6. akhir zaman  |
| 2. khatijah      | 7. Abdul Ghafur |
| 3. fardu         | 8. Abdul Ghani  |
| 4. fajar         | 9. Akhli djalil |
| 5. banyu zam-zam | 10. ziyarah     |

#### V. Pacelathon iki owahana nganggo basa ngoko!

##### Pemilihan Umum

Irwan : Kim, sampéyan sampaun naté tumut pemilihan umum?

Dakim : Dèrèng. Awit, nalika dipun wonteni pemilihan umum kala taun kepengker punika umur kula dèrèng ayekapi.

Irwan : Bénjing, menawi kula lan sampéyan sampaun wonten ing SMA, menawi kaleres wonten pemilihan umum malih, bokmanawi kula lan sampéyan sampaun saged tumut milih.

Dakim : Kula kinten ngaten. Kula pancèn sampun kepéngin tumut milih wakil-wakilipun rakyat ingkang sami lenggah wonten ing **Dewan Perwakilan Rakyat**.

Irwan : Kula ugi ngaten. Sedaya warganing negari ingkang adhedhasar demokrasi temtu kepéngin gadhah wakil pilihanipun piyambak ingkang sami lenggah wonten ing **Dewan Perwakilan Rakyat** punika.

Dakim : Sampéyan émut sipatipun pemilihan umum ing negarini-pun piyambak ngriki, Ir?

Irwan : O, apal. Pemilihan umum punika sipatipun langsung, umum, bebas, lan rahasia. Limrahipun lajeng dipun cekak **lubèr**.

## VI. Pethikan ing ngisor iki wacanen kang patitis! Yèn kowé nanggori tembung sing kowé durung ngerti tegesé, suwunna priksa marang bapak utawa ibu gurumu, utawa golèkana ana ing bausastra utawa kamus!

---

### Meksa Gagal

Oto kalih-kalihipun lajeng sami bidhal. Lampahipun saé, swantenipun motor boten wonten gèsèhipun, mratandhani oto ingkang risak sampun pulih kados waunipun.

Priyantun tetiga wau bingahipun boten kénging winiraos. Rumaos tampi kanugrahaning Allah, oncat saking raos pegel, atis, lan sumelang. Ingkang èstri sanjang dhateng ingkang jaler kanthi bingah, katitik saking lagu lan swantenipun:

“Kuwi mau sapa ta, Pak?”

“Embuh ya, Bu.”

Anakipun nyambeti, “Dhateng Bapak kok matur ‘ndara’. Sajak sampun sumerep.”

“Kiraku ya uwis, nanging aku durung weruh. Ayakna sopir taksi.”

“Ah kiraku dudu, Pak. Wong bocahé bagus, ki, polatané jatmika.”

“Apa sopir taksi kuwi ora kena duwé rupa bagus lan polatané jatmika?”

"Ayaké nèk manut Ibu, rupa bagus kuwi dadi monopoliné priyayi. Paduné Ibu kuwi mung arep ngalem baé, dumèh gelem nulungi."

"Ya ora ngalem mono, wong nyatané. Kono pikiren! Ing ngatasé durung nganti diendheg kpk mandheg dhéwé. Ora dijaluki tulung, banjur nulungi. Duwé pangéman menyang bapakmu déning kegrimisan, tur tembungé kaya ngana mau, hara ta, andak watak kaya ngono mau dumunung ana angger uwong?"

"Nanging iya bener kandhané ibumu kuwi, Tin. Apa kowé ora weruh nomeré oto buri mau, Tin?"

"Punika wau terang wonten bordipun hūrauto, AA nomer 1013."

"Apa dudu taksi Parakan?"

"Kados sanès, Pak, sadangu kula wonten Parakan dèrèng naté sumerep dhateng sopir punika. Punapa malih taksi Parakan ingkang kathah Dodge, sareng punika wau mèrek: Buick."

"Diparingi persèn kok ora gelem ya, Pak?"

"Hla ya kuwi!"

"Kiraku kurang, Pak!"

"Mau arep takwènèhi seringgit; rumangsaku wis mèmper. Nanging sopir mau durung weruh pira anggonku arep mènèhi. Dadi tetep yèn dhèwèké ora gelem nampani. Ya mèmper, wong iku yèn bagus, dhasar watake alus, mesthi sugih kaprawiran!"

"Ah, Bapak iki saiki ngalem, tiru-tiru Ibu!" Yektosipun anak-ipun ing batos ngleresaken cariyosipun bapak lan ibunipun. Nanging limrah, kenya punika boten purun ngalem dhateng jaka wonten sangajengipun tiyang ingkang dipun rikuhi.

"Wis ngéné waé, mengko yèn tekan Parakan diendheg, utawa samangsa dhèwèké mandheg, endang kandhaa aku!"

"Inggih, Pak."

"Iya, Pak, aku rujuk. Lan manèh diimbuhi seringgit engkas, minangka patukoné kaprawirané lan pangémané menyang kowé."

"Iya, karepku ya ngono kok, Bu."

Lampahipun oto kalih wau remben sanget, jalanan sasampun-ipun nglangkungi dhusun Kledung, marginipun tansah mandhap-lan rumpil, tur kathah énggok-énggokanipun ingkang nyikut, dhasar ing wanci dalu tur grimis.

## **Wulangan ka-8**

### **I. A. Wacanen batin!**

#### **Catur Warga**



Tembung "catur warga" punika tembung camboran. Inggih punika camboranipun tembung "catur" lan tembung "warga". Catur tegesipun sekawan, warga tegesipun batih utawi sanak sedhèrèk ingkang tunggil sagriya. Sapunika tembung "catur warga" punika kanggé mastani kulawarga utawi brayat ingkang batihipun wonten sekawan, inggih punika bapak, ibu, lan anak kalih.

Brayat utawi kulawarga catur warga punika dados idham-idhamanipun bebrayan bangsa Indonesia. Liripun, sapunika bebrayan bangsa Indonesia sami milih dhapukaning brayat ing-

kang awujud kulawarga catur warga punika. Pilihanipun bangsa Indonesia punika jumbuh kaliyan dhawuhipun negari ing bab pandhapuking kulawarga ingkang adhedhasar sesanti "Norma Keluarga Kecil Bahagia Sejahtera", karingkes NKKBS. Ingkang dipun kajengaken "keluarga kecil" ing ngriki inggih punika kulawarga utawi brayat ingkang batihipun namung sekedhik, inggih punika kulawarga catur warga punika.

Kénging punapa ing bab pandhapuking kulawarga negari milih wujuding "keluarga kecil" utawi ingkang kawastanan kulawarga catur warga? Kénging punapa negari boten milih kulawarga ingkang brayatipun kathah? Prakawis punika wonten sambung rapetipun kaliyan idham-idhamanipun bangsa Indonesia, inggih punika ndhapuk bebrayan agung bangsa Indonesia ingkang adil, gemah ripah, tata tentrem karta raharja lair lan batos, adhedhasar Pancasila lan Undang-Undang Dasar taun 1945.

Ada-ada ndhapuk bebrayan agung bangsa Indonesia ingkang adil lan makmur punika boten saged pisah kaliyan ada-ada pandhapukipun kulawarga ingkang sekéca, ayem tentrem karta raharja. Liripun, gemah ripah lan ayem tentremipun bebrayan agung bangsa Indonesia temtu ndayani ayem tentreming kulawarga. Lan, kosok wangsulipun, ayem tentrem lan karta raharjaning kulawarga temtu ndayani dhateng ayem tentrem lan karta raharjaning bangsa lan negari.

Sedaya kula-warga kepéngin gesang sekéca. Sedaya kula-warga kepéngin gesang ayem tentrem karta raharja, kacekapan sedaya kabetahanipun, lan kadumugèn sedaya kekajenganipun. Kekajengan lan kabetahanipun tiyang punika kathah lan mawarni-warni. Sedaya tiyang betah tedha, sandhang, papan, kesarasan, kapinteran, lan sapanunggilanipun. Kanggé nyekapi sedaya kabetahan punika perlu ragad.

Kanggé nyekapi kabetahaning kulawarga punika, brayat ingkang batihipun kathah betah ragad kathah, déné brayat ingkang batihipun sekedhik cekap ragad sekedhik.

Minangka gegambaran tumrap prakawis punika, mangga dipun ungak tuladha ing ngandhap punika:

Brayat A batihipun sedasa. Inggih punika bapak, ibu, lan anak wolu. Brayat B batihipun sekawan. Inggih punika bapak,

ibu, lan anak kalih. Kanggé kabetahaning tedha, panganggé, papan, panggulawenthah, kasarasan, "hiburan", lan sasamini-pun, kulawarga A betah ragad langkung kathah katimbang kulawarga B. Menawi ragad utawi pamedal ingkang kanggé nyekapi kabetahanipun kulawarga A lan kulawarga B punika sami, lan caranipun ngenik-enik ugi sami, temtu kawontenan-ing gesangipun kulawarga B langkung saé tinimbang kulawarga A. Cethanipun mekaten. Saupami kulawarga A pamedalipun satus sèket èwu rupiyah sewulan, lan kulawarga B pemedalipun ugi satus sèket èwu rupiyah sewulan, menawi sami ngatos-atosipun, kawontenanipun kulawarga B, manut pétagan, temtu langkung sekéca tinimbang kawontenanipun kulawarga A.

Pratélan ing nginggil punika ngéngingi kabetahaning tiyang utawi kabetahaning kulawarga ingkang asipat lair. Pranyata kulawarga ingkang batihipun kathah bot-répotipun ugi kathah. Makaten ugi ing bab sanès, upaminipun bab sesrawungan. Ing babagan sesrawungan antawisipun batih sami batih, utawi ing antawisipun kulawarga lan kulawarga, kulawarga ingkang batih-ipun kathah andhakanipun wonten-wonten kémawon bab-bab ingkang njalari kiranging raos tentrem. Wonten-wonten kémawon jalaran ingkang dados dhadhakaning raos cuwa lan sisah. Upaminipun wontenipun raos méri, pasulayan lan sanès-sanèsipun. Bab bot-répotipun kulawarga ingkang batihipun kathah punika kados-kados boten tebih kaliyan maknanipun uran-uran sekar Pocung ing ngandhap punika:

Bapak Pocung anak akèh gawé bingung,  
mangka nakal-nakal,  
siji meneng siji nangis,  
kala mangsa malah rèwèl bebarengan.

Mila boten lepat, menawi kanggé nggayuh bebrayan agung ingkang ayem lan tentrem kedah dipun sranani ndhapuk kulawarga ingkang kawastanan "Norma Keluarga Kecil Bahagia Séjahtera", utawi kulawarga catur warga.

## B. Wangsulana kang patitis!

1. Brayat catur warga kuwi brayat sing kepriye?
2. Kepriyé kulawarga sing beeik manut panemuné bangsa Indonésia saiki?

3. Mbangun bebrayan agung sing gemah ripah, adil lan tata tentrem karta raharja kuwi kudu disranani ndhapuk kula-warga sing kepriye?
4. Umumé, brayat sing batihé akèh karo brayat sing batihé sethithik kuwi répot sing endi?

### C. Wacanen sing patitis, tembung sing cap-capané kandel kedalna sing trep!

1. Gesangipun rekaos **sebab** batihipun kathah, pamedalipun sekedhik.
2. Ing **ngandhap** punika tuladha bab bot-répotipun brayat ing-kang batihipun kathah.
3. Prakawis punika **saged** dipun ungak ing tuladha punika.
4. Tulus **nggeget** unto kanggé ngampet nesunipun.
5. Kanggé nyekapi betahipun ingkang boten sekedhik punika perlu **ragad** kathah.
6. Bulik. **mragat** mènda kanggé ngluwari nadar.
7. Kula badhé **mapag** Bulik dhateng setasiyun.
8. Potelotipun sampun **papak**, kanggé nyerat kirang saé.

### II. Tuladha:

- a. Kulawarga **catur** warga punika kulawarga ingkang batihipun sekawan.  
**Catur** tegesé papat.
- b. Aja susah yèn **dicatur** uwong, nanging aja pisan-pisan kowé seneng nyatur uwong.  
**Dicatur** = digunem

Tembung catur kang ateges papat lan tembung catur kang ateges gunem kuwi jenengé *tembung homonim*.

#### A. Tembung-tembung homonim ing ngisor iki terangna tegesé!

1. a. Jaka Tingkir nyabrang Bengawan Sala nganggo gèthèk.  
b. Tatuné wis mari nanging isih kétok gèthèké.

2. a. Bisamu mung **maoni** nanging ora bisa nandangi dhéwé.  
b. Woh **maoni** kuwi rasané pait banget.
3. a. Yèn dakwènèhaké satus, aku **buk**.  
b. Lakuné tumpakan kepeksa mlipir turut pinggir amarga **buké** rusak.
4. a. Prekara kuwi wis **dakpupus**, wis ora dakpikir abot.  
b. Coba mamahana **pupus** jambu, yèn jodho rak énggal pampet.
5. a. Katekané **panjangka** kudu sarana disetiayari.  
b. Anggit tuku garisan, **jangka**, potelot, lan setip.

**B. Tembung-tebung homonim iki gawénen ukara sing luwes!**

1. a. mawa = geni areng sing mengangah  
b. mawa = nganggo
2. a. kalong = araning kéwan iber-iberan  
b. kalong = suda
3. a. waton = pinggiraning ambèn (lincak)  
b. waton (wewaton) = pathokan, paugeran
4. a. glendhèh = kacang cina sing isih enom  
b. glendhèh-glendhèh = mlaku lon-lonan sakepénaké
5. a. jujul = ora sedheng amarga barang sing disélèhaké kedawan  
b. jujul = dhuwit turahaning pambayar

**III. Tuladha:**

- a. Kowé mengko yèn difari **gelema**. (ukara agnya/ukara pakon).  
**gelema** = akon supaya gelem
- b. **Gelema** yèn kepeksa, sing akon dadi ora kepénak.  
(ukara sambawa)  
**gelema** = sanajan gelem

**A. Ukara-ukara ing ngisor iki ukara sambawa apa ukara agnya?**

1. Yèn ora ana alangan, sésuk **tekaa**!
2. **Tekaa** yèn telat, ora ana gunané.

3. **Sinaua** yèn srampangan, mangsa bisaa nggarap.
4. **Sinaua** sing ajeg!
5. **Mangkata** saiki, mumpung durung udan!
6. **Mangkata** mau-mau, ora kepancial sepur.
7. Yèn sida menyang Mrican; **mampira** ana dalemé Bulik!
8. **Mampira** yèn mung sedhélá, tiwas kaya ngimpi.
9. Yèn ngantuk **turua**!
10. **Turua** yèn mung sedhélá, tiwas nyang sirah ngelu.

B. *Tembung-tembung ing ngisor iki gawénen ukara pakon lan uga ukara sambawa!*

- a. dandana
- b. sangua
- c. matura
- d. jejamura
- e. takona

**IV. Pethikan ing ngisor iki tulisen nganggo aksara Jawa!**

Ing salabetipun sèket taun mindhakipun bangsa Indonésia watawis satus yuta jiwa. Kala ngumandhangaken kamardikanipun, cacahipun warga bangsa Indonesia saweg wonten pitungdasa yuta, sapuniка sampun mindhak dados satus pitungdasa yuta. Dados, ing salebetipun sèket taun cacahipun bangsa Indonesia mindhak dados tikel kalih langkung. Mindhakipun warganing negari ingkang cepet sanget punika ngrerendheti lampahing pambangunan. Mila, indhaking warganing negari punika kedah tumuli dipun pekak. Brayat énggal kedah ndhapuk kulawarga ingkang batihipun namung sekédhik, inggih punika ingkang kawastanan catur warga.

**V. Pacelathon iki owahana nganggo basa krama, sarta banjur apalna ana ing ngarep kelas!**

Wahyu : Wan, ayo sowan Pakdhé!

Iwan : Ana perlu apa, kok kadingarèn awan-awan ngejak sowan Pakdhé.

Wahyu : Arep nyuwun priksa bab wingi kaé.

Iwan : Bab wingi sing endi, ta?

Wahyu : Kaé lho, dhawuhé Pak Guru wingi kaé.

- Iwan : O, dhawuhé Pak Guru bab ngarang nganggo basa Jawa wingi kaé ta?
- Wahyu : Bener.
- Iwan : Sing arep kosuwunaké priksa apané?
- Wahyu : Isiné. Aku butuh sesurupan sing gamblang bab sambung rapeté antarané "Norma Keluarga Kecil Bahagia Sejahtera" karo lakuning pembangunan nasional, lan gandhèng cènèngé NKKBS kuwi karo idham-idhamané bangsa Indonesia.
- Iwan : Wah, perlu banget kuwi. Apa kira-kira pakdhému ora répot lan kersa nerangaké?
- Wahyu : Takkira Pakdhé ora répot, lan mesthi kersa nerangaké.
- Iwan : Yèn ngono, ayo takkancani. Aku ya kepéngin ngerti.

## VI. Pethikan ing ngisor iki wacanen kang patitis!

### Keluwargané Bu Nyai Blorong

Swasana nalika dhahar kaya dipathet. Ora ana sing cemuwit, kabèh meneng. Gunemana ya cekak-cekak banget. Aku dhéwé ya mikir lelakonku sedina iki mau. Sega dadi angél dimamah. Kejaba kuwi atiku pijer-pijer trataban selak kepéngin ngerti isiné layang warisan. Dakkira ya layang kuwi sing marahi wong-wong kurang rembugé.

Sing ngadeg dhisik saka kursi dhahar Pak Bei Talikepuh. "Aku kudu énggal niliki lampu kamarku, wis sida dijogi lenga apa durung mau," ngendikané nalika arep ninggalaké kamár dhahar. Jengkaré dietutaké wong-wong liyané. Herjanjam ngetut Dhimas Murdanu. Déné aku mbarengi lakuné Jeng Murni kang kamare kebeneran saener karo kamarku.

"Kula selak kepéngin mbikak serat punika," celathuné Jeng Murni dhisiki blaka. "Sejatosipun kula inggih kepéngin wicanten kaliyan Mbak Laras. Rak dangu ta, panjenengan wonten ngriki?" "Embuhan ya. Aku durung duwé ketetapan. Anu, Bu Nyai Werti iku .... ngasta apa ta, dhèk sugengé?" pitakonku nyekak.kekarepané

Jeng Murni. Nalika mlaku bareng iku aku rumangsa risi krungu thak-thok swara tekené kenya pincang kuwi. Teken kang mengkono mesthi antep banget.

"Sudagar mas-inten. Juragan sinjang. Bikak gadhé partikuliran. Wah, kathah ta sampun ikhtiyaripun. Tiyang sakampung ngriki mèh sadaya berah bathik dhateng Bu Nyai Werti," wangsulané Jeng Murni.

"Wataké kepriyé?"

"Keras sanget. Keras, tliti, waskitha, pinter sanget, nanging inggih adil. Ngantos dumugi ing sédanipun, gegalihanipun taksih tatas lan cetha. Bu Werti punika priyantun praktis, pramila dalem agengipun semanten boten kathah tiyangipun. Abdi ingkang kinasih inggih namung Pak Truna. Mbakyu, Mbakyu, suku kula punika yèn dipun oprasi punapa saged saé inggih?" ing pungkasane rembug Jeng Murni ganti bab.

"Kiraku bisa," ujarku ora yakin, mung kanggo nglelipur.

"Kula lajeng saged mlampah tanpa teken?"

Aku tetep mangsuli rada seret, "Mmmm, ayaké bisa."

"Pinten inggih, wragadipun?" pitakoné ngangseg.


Aku welas. Ora wani dora manèh.

(*Pethité Nyai Blorong*, Peni)

## **Wulangan ka-9**

### **I. A. Wacanen batin!**

#### **Palagan Ambarawa**



Kalih wulan sasampunipun bangsa Indonesia ngumandhangaken kamardikanipun, tentara Sekutu mlebet ing kitha Semarang, dipun pandhégani déning Brigadir Jéndral Bethel. Dhatengipun tentara Sekutu punika dipun tampi kanthi raos bingah déning warganipun kitha Semarang, awit criyosipun tentara Sekutu, dhatengipun punika saperlu ngurus tawananing perangipun, inggih punika wadyabala Jepang ingkang saweg kémawon asrah bongkokan. Malah, tentara Sekutu criyos bilih piyambakipun boten badhé ngarubiru kamardikanipun bangsa Indonésia. Inggih awit saking punika, Bapak Gubernur Jawi

Tengah lajeng tawi bantuan dhateng Sekutu arupi tedha lan kabetahan-kabetahan sanèsipun.

Boten kanyana-nyana, dhatengipun wadyabala Sekutu punika dipun gongcèngi tentara NICA, tentaranipun Pamarentah Walandi. Kanthi dhedhemitan, tentara Sekutu lan NICA nggremet mangidul dumugi Ambarawa lan Magelang. Wonten ing ngriku Sekutu lan NICA ngluwari Walandi ingkang sami dados tawanan, boten kanthi rembagan rumiyin kaliyan Pamarentah Republik Indonesia. Prakawis punika tentu kémawon ndadosaken runtikipun bangsa Indonésia. Rumaos kamardikanipun dipun rèmèhaken, Sekutu lan NICA ing Magelang dipun gebag ing perang. Dipun pandhégani déning Brigadir Jéndral Bethel, Sekutu lan NICA medal saking Magelang mundur dhateng Ambarawa. Munduripun tentara Sekutu lan NICA punika dipun oyak déning Resimèn Kedu Tengah ingkang dipun pandhégani Letnan Kolonèl M. Sarbini. Ing samargi-margi dipun cegat déning pasukan Angkatan Muda saha pasukan gabungan saking Surakarta, Suruh, lan Ambarawa. Dumugi ing Ambarawa, tentara sekutu lan NICA kepéngin badhé ngebroki lala dan punika. Kanggé nyungkiraken tentara Sekutu lan NICA saking ngriku, bangsa Indonesia kepeksa kécalan Letnan Kolonèl Isdiman, Komandan Resimèn Banyumas, ingkang gugur ing salebetipun paprangan.

Sedinten sadèrèngipun kedadosan punika, ing Ambarawa ugi sampun wonten campuhuda antawisipun rakyat lan wadya Sekutu saha NICA. Kedadosaning perang wonten ing saurutipun ril sepur ing tengah-tengahipun kitha Ambarawa. Rakyat mapan wonten ing salèring ril sepur, Sekutu lan NICA manggèn wonten ing tangsi-tangsi ing sakidulipun ril sepur.

Sareng Létnan Kolonèl Isdiman gugur, Kolonèl Sudirman, Panglima Divisi Banyumas, rawuh ing papan palagan ing Ambarawa. Rawuhipun Kolonèl Sudirman saged mulihaken semangat saha gregetipun pasukan Indonesia. Kolonèl Sudirman nglempakaken para komandan sektor. Sasampunipun paring dhawuh ing saprayoginipun, punapa déné malih bantuan saking Ngayogyakarta, Surakarta, Salatiga, Purwakerta, Semarang, lan sapiturutipun sami dhateng, tentara Sekutu lan NICA dipun serang.

Ngadhepi seranganipun pasukan Indonesia punika. Sekutu ngedalaken tawanan Jepang kapurih mbiyantu. Sekutu sawadyabalanipun, kanthi numpak tank-tankipun, nusup mlebet saking wingking ing wewengkonipun pasukan Indonesia. Pasukan Indonesia mundur dhateng sanjawining kitha Ambarawa. Wonten ing ngriku pasukan Indonesia tata-tata, cecawis anggènipun badhé nggecak Sekutu malih.

Kala wulan DéseMBER taun 1945, salebetipun sekawan dingen sekawan dalu, pasukan Indonesia pindhanipun banthèng ketaton, ngamuk punggung nggecak perang mengsaah wadya bala Sekutu lan NICA. Tangsinipun Sekutu dipun obrak-abrik, Sekutu lan NICA mlajeng mundur wangslur dhateng Semarang.

Minangka pengémut-émut sigrak saha siyaganipun bangsa Indonesia anggènipun nggegegi kamardikanipun, ing Ambarawa lajeng dipun degi monumèn, kawastanan Monumèn Palagan Ambarawa. Monumèn Palagan Ambarawa dados tenger tékadipun bangsa Indonesia: sadumuk bathuk sanyari bumi, nadyan namung sapecak, bumi wutah rah punika kedah dipun tohi pecahing dhadha wutahing ludira.

### B. Wangsulana kang patitis!

1. Généya tekané pasukan Sekutu sekawit ditampa kanthi rasa bungah déning rakyat Semarang?
2. Apa sing banjur njalari mrekitiké atiné bangsa Indonesia?
3. Létnan Kolonèl Isdiman kuwi sapa?
4. Priyé carané Kolonèl Sudirman nggecak sarta nyungkirake Sekutu lan NICA saka Ambarawa?
5. Priyé sesantine' bangsa Indonesia tumrap kamardikan lan tanah wutah getihé?

### C. Wacanen kang patitis!

1. a. Kolonèl Sudirman ngendika, "Prakara iki ora kena disangga ènthèng."  
b. Kolonèl Sudirman ngendika manawa prakara iki ora kena disangga ènthèng.
2. a. Rustam kandha, "Minggu ngarep mengko aku sakanca arep piknik menyang Bandhungan, mampir ing Ambarawa."

- b. Rustam kandha manawa minggu ngarep mengko dhèwèké sakanca arep piknik menyang Bandhungan, mampir ing Ambarawa.
- 3. a. Bapak ngendika, "Sésuk Eyang arep tindak réné." b. Bapak ngendika manawa sésuk Eyang arep tindak réné.
- 4. a. Ibu ndangu, "Apa kowé weruh lungané adhimu?" b. Ibu ndangu apa aku weruh lungané adhiku.
- 5. a. Aku matur, "Kula boten sumerep." b. Aku matur manawa aku ora weruh.

## I. Tuladha

Kathah kusumaning bangsa ingkang gugur wonten ing madyaning palagan.

**Palagan** tembungé liya payudan, pabaratan, rananggana, pa-prangan.

A. *Tembung-tebung sing cap-capané kandel ing ngisor iki terangna tegesé, kaya tuladha ing dhuwur!*

- 1. Ebahing pang ingkang katiyup ing samirana, ésthanipun kados tangan angawé-awé.
- 2. Ing palagan prasasat banjir **ludira**.
- 3. Kénging jemparingga mengsa, Patih Sekipu pejah sakala, njrebabah ndhepani **bantala**.
- 4. Guguripun Létnan Kolonèl Isdiman dadosa **tepa palupi** tumrap para mudha, bilih tanah wutah rah punika pantes dipun labeti pecahing jaja wutahing ludira.
- 5. Lelabetanipun Jéndral Sudirman pantes tinulad, **sinudarsana**.

B. *Tembung-tebung ing ngisor iki gawénen ukara sing luwes!*

- |                    |                                   |
|--------------------|-----------------------------------|
| 1. pralaya         | 7. ngucirèng ayuda                |
| 2. nulad           | 8. tinggal glanggang colong playu |
| 3. pangéling-éling | 9. baris pendhem                  |
| 4. siyaga          | 10. ngongasaké kuwanèné           |
| 5. mrekitik atine' |                                   |
| 6. prang tandhing  |                                   |

### III. Tuladha

- Darwis : "Rus, iki pité sapa?"  
Rustam : "Badrus."  
Darwis : "Sapa sing nggawa réné?"  
Rustam : "Aku."  
Darwis : "Apa mengko ora digolèki Badrus?"  
Rustam : "Ora."  
Darwin : "Apa kowé wis nembung?"  
Rustam : "Wis."

Pethikan ing dhuwur kuwi, sanajan ukarané cekak-cekak, sing maca ngerti karepé. Awit, sanajan akèh ukara sing "ora ganep", tegesé ukara-kara kuwi bisa kaweruhan cetha jer ana gandhèng-cènèngé karo ukara-ukara liya sing ganep, sing tegesé cetha.

Upamané ukara "Badrus". Yèn ukara iki ngadeg dhéwé, sengara wong ngerti karepé. Nanging, rèhning ukara kuwi minangka wang-sulané pitakon "Iki pité sapa?", wong sing maca utawa wong sing krungu mesthi ngerti manawa ukara "Badrus," kuwi ganepé utawa karepé "Iki pité Badrus."

Dadi, ukara mono cethané mungguhing tegesé manawa wis gandhèng karo ukara-ukara liyané. Sanajan ukara sing katoné ora ganep, yèn wis dadi siji karo ukara-ukara liyané sing ana gandhèng cènèngé, tegesé mesthi bisa kasumurupan.

Mara gawéa karangan cekak adhapur pacelathon, kena bab apa baé, sing ing kono ana ukarané "ganep" lan ana ukarané sing "ora ganep".

### IV. Wacanen banjur turunen!

1. |||**ପାତ୍ରମନ୍ତ୍ରମଃ ପାତ୍ରମଃ ଗମିଷୁ**|||
2. |||**ମୃତ୍ୟୁମନ୍ତ୍ରମହାମର୍ତ୍ତମାତ୍ରମଃ**  
**ମୃତ୍ୟୁ ମାତ୍ରମନ୍ତ୍ରମିଶ୍ର**|||
3. |||**ମୃତ୍ୟୁମନ୍ତ୍ରମଃ ମର୍ତ୍ତମାତ୍ରମଃ**  
**ମର୍ତ୍ତମାତ୍ରମିଶ୍ର**|||

## Katrangan

Tetenger ✕ , jenengé pada pangkat.

Pada pangkat mono, kaya kāng kacetha ing tuladha, gunané kanggo:

- a. ngelet-eleti angka Jawa supaya ora cawuh karo tulisan utawa tembung liyané
- b. ngelet-eleti ukara karo pratélan kang diandharaké
- c. ngelet-eleti crita karo ukara kang sipaté nirokaké

## V. Tuladha

1. Ukara panantang : Majua bareng, aja maju ijèn-ijèn!
2. Ukara ipat-ipat : Dadia banyu emoh nyawuk, dadia godhong emoh nyuwèk!

### A. *Gawéa ukara panantang, sing isine' nantang*

1. gelut
2. bal-balau
3. apik-apikan biji
4. bálapan mlayu
5. perang

### B. *Gawéa ukara ipat-ipat sing surasané*

1. emoh tepung
2. emoh ngidak omahe'
3. emoh ngaku sedulur
4. emoh mañgan segané
5. emoh kanggonan bandhané

## VI. Wacanen kang patitis!

### Saka Kréta

Sumamburat jagat candhikala abang ing embun-embunanku  
playuning umur kabur ing ulegan angin  
nuli lerem atiku ing gigiré gumuk tuwa  
nalika tuter jejeritan ing tikungan


lerem tresnaku ing gigiré gumuk  
kuburan cethèk paleremané prajurit mati  
jiwa kang sinèrèt dening napsu perang  
o, adoh banget kacèkè lan candhi pangimpèn  
urip nandhang cidra adiling jaman  
  
keprungu swara ombak nyemp yok karang  
swarané jantung manungsa nampa timbalan  
ibu pertiwi ngajab rilaning putra labuh negara  
o, yagéné dina budhalku tinangguhaké  
katentreman necep getiring gunung gamping  
sinandhing prawan désa lencir kuning  
  
dhuh, ibu kang kekembeng ing cangkem lawang  
dhuh, bapa kang mèsem èsem peksan  
iki suyuding putra saka kréta  
budhalé prajurit maju perang  
ngrebut kamardikan lan prikamanungsan

(Anie Sumarno, *Jaya Baya* 16 Pebruari 1964,  
*GURITAN*, Suripan Sadi Hutomo)

## **Wulangan ka-10**

### I. A. Wacanen batin!

#### Tedha Ingkang Munpangati



Tiyang gesang saben dinten kedah nedha. Ingkang saé nedha punika sedinten kaping tiga, inggih punika énjing, siyang, lan dalu. Tiyang nedha boten namung waton tuwuk. Tedha ingkang dipun tedha kedah maédahi tumrap kesarasani-pun, kedah maédahi tumrap kabetahaning gesang. Tedha ingkang munpangati tumrap kabetahanipun tiyang gesang punika tedha ingkang ngandhut sarining tetedhan. Tembungipun sanès tedha ingkang ngandhut gizi. Wondéné tedha ingkang *bergizi* punika tedha ingkang ngandhut *zat protein, hidrat karbon, lemak* utawi *gajih, vitamin, lan mineral* ingkang dados kabetahaning badan.

Tedha ingkang ngandhut *protein* upaminipun daging sawarnining daging, tahu, témpé, tigan, lan susu. *Protein* makanan ginanipun kanggé njagi amrih tuwuhipun badan saged saé. Laré ingkang kekirangan protein tuwuhipun kunthet, boten saged énggal ageng.

Tedha ingkang ngandhut *hidrat karbon* upaminipun wos, jagung, kenethang, uwi, trigu, gendhis, lan woh-wohan. *Protein* punika ginanipun nuwuhaken kekiyatuning badan, kanggé nindakaken padamelan ing sadinten-dinten. Tedha ingkang ngandhut *lemak* utawi gajih ginanipun kanggé njagi tuwuhipun badan lan ugi dados sumbering kekiyatana. Tedha ingkang ngandhut lemak upaminipun lisah gorèng, mertéga, kéju, gajih, lan kuninging tigan.

Perlu kasumerepan bilih tedha ingkang ngandhut sumbering kekiyatana punika boten kétang sakedhik tentu ugi ngandhut zat *protein*, zat lemak, *mineral*, lan vitamin. Kathah sekedhikipun gumantung dhateng jinising tetedhan punika.

*Menu* utawi tedha sadinten-dinten kedah ngandhut zat-zat ingkang dipun betahaken badan ingkang timbang. Tegesipun, saben dinten tiyang gesang kedah angsal hidrat karbon ingkang cekap, kedah angsal protein, lemak, mineral, vitamin, lan toya ingkang ugi kedah cekap. *Menu* ingkang timbang punika tembungipun sanès *empat sehat lima sempurna*, inggih punika: sekul, jangan, lawuh, buah, lan susu.

*Menu* ingkang kirang saé, tedha ingkang gizinipun kirang sampurna, dangu-dangu saged njalari kirang sampurnaning tuwuhipun badan, lan ugi njalari badan dados ringkih, gampil kambah ing sesakit. Upaminipun:

1. Kekirangan *protein*, utawi kekirangan *protein* lan *hidrat karbon* saged njalari sakit *busung lapar*.
2. Kekirangan vitamin A saged njalari mripat risak.
3. Kekirangan vitamin B1 saged njalari sakit béri-béri.
4. Kekirangan yodium saged njalari sakit gondhok.
5. Kekirangan zat kapur (*calsium*) saged njalari kirang saéning tuwuhipun balung lan untu.
6. Kekirangan zat hidrat karbon saged njalari kirang kekiyatana.

## B. Wangsulana kang patitis!

1. Wong mangan mono beciké sedina ping pira? Kapan wayahé?
2. Wong mangan ora mung angger wareg. Apa sababé?
3. Kajaba banyu, mineral, lan vitamin, wong urip butuh apa baé?
4. Menu sing becik kuwi sing kepriyé?
5. Coba aranana sawetara lelara sing jalarané kekurangan vitamin!

## C. Wacanen kang patitis, tembung sing cap-capané kandel kedalna sing trep!

1. Tedha ingkang **munpangati** punika tedha ingkang ngandhut sarining tetedhan, vitamin, mineral, lan toya ingkang dados kabetahanipun tiyang gesang.
2. **Fakir** miskin lan tetiyang jompo, gesangipun dados tang-gelanipun pamaréntah.
3. **Kafilah** punika këndel, ngaso wonten ing sangandhapipun wit kurma.
4. Sasédanipun Kanjeng Nabi Muhammad saw, panyebaripun agami Islam ing tanah Arab dipun lajengaken dèning para **kalifah**.
5. **Takwa** dhateng Gusti Ingkang Maha Kuwaos tegesipun nindakaken dhawuhipun Gusti Ingkang Maha Kuwaos lan nyingkiri ingkang dados awisan-Ipun.

## II. Tuladha

Kowé kuwi diprecaya njaga kok malah ngrusak barang sing kojaga; kuwi jenengé **palang mangan tandur**.

*Mara saloka-saloka ing ngisor iki terangna kaya tuladha ing ndhuwur!*

1. Bebek mungsuh mliwis.
2. Iwak kalebu ing wuwu.
3. Emprit abuntut bedhug.
4. Anak polah bapa kepradhah.

5. Kebo mutung ing pasangan.
6. Kebo lumumpat ing palang.
7. Kebo kabotan sungu.
8. Gajah ngidak rapah.
9. Kethèk saranggon.
10. Belo mèlu seton.

### III. Tuladha

- a. Wong (pangan) kuwi ora mung angger wareg.  
Wong **mangan** kuwi ora mung angger wareg.
  - b. Témpéné (pangan) kucing.  
Témpéné **dipangan** kucing.
- A. *Tembung-tembung sing ana ing sajroning kurung ing ngisor iki rimbagen cocog karo ukarane!*
1. (pangan) dhisik sing wareg, mengko ana ing dalan ora susah jajan!
  2. Yu Rati dodol (pangan) werna-werna.
  3. Sri, iki lho dakngèngèhi jenang sungsum, (pangan)!
  4. Ngèngèhanmu salak sing ana kéné mau apa wis (pangan), Sur?
  5. Kowé kok (pangan) baé ta, Dar; jajal étungen, sekésuk iki mau wis ping pira olèhmu (pangan)!
  6. Seminggu sepisan Wati (timbang) awaké, kepéngin ngerti boboté suda, popog, apa mundhak.
  7. Coba, beras iki (timbang) sepisan engkas!
  8. Bulik mundhut (timbang) bayi.
  9. Sesantiné bangsa Indonesia: aluwung mati (timbang) di-jajah ing bangsa liya.
  10. Prakara kuwi (timbang) ana ing kowé, sing arep nglakoni.
- B. *Tembung-tembung ing ngisor iki gawénen ukara sing luwes!*
- |               |                 |
|---------------|-----------------|
| 1. maédahi    | 6. kabutuhan    |
| 2. paédahé    | 7. dibutuhaké   |
| 3. ora paéda  | 8. tambel butuh |
| 4. nuuhaké    | 9. njalari      |
| 5. tanem tuwu | 10. jalaran     |

#### IV. Gawéa karangan ringkes bab vitamin!

Sing klebu isining karanganmu upamané: werna-wernaning vitamin, bahan pangan apa sing ngandhut vitamin-vitamin kuwi, lelara-lelara sing tuwuhe jalanan kekurangan vitamin, lan sapanunggalane.

#### V. Pacelathon iki owahana nganggo basa krama lugu!

##### Vitamin

- Wira : Dhi, kabaré anaké Dhik Drema sing nomer 2 mripaté lamur, napa enggih?
- Krama : Leres, Kang. Dhèk wingi kula ketemu Dhik Drema kalih anaké wangsul seking Puskesmas. Criyosé mentas mriksakaké mripaté anaké niku.  
Lha dika mireng seking sinten, Kang.
- Wira : Kirangan nika wau. Kula mung krungu grenengé bocah-bocah dha dolan teng perondhan nika wau. Jan-jané lara kaya ngoten niku jalarané napa ta, Dhi?
- Krama : Nék criyosé Dhik Drema, criyosé Pak Dhokter merga kurang vitamin A. Napa ngoten napa pripun.
- Wira : O, enggih. Kelingan kula saniki. Kula empun tau maca teng nggèn buku Kejar Paket A, wong mangan ngoten boten kena mung angger wareg. Pangan sing dipangan kudu bergizi. Napa sing dikarepaké vitamin niku nggih gizi niku ta, Dhi?
- Krama : O, bënten, Kang. Tedhi sing bergizi niku tedhi sing ngandhut jat-jat sing dibutuhaké awaké manungsa, klebu vitamin niku.
- Wira : Dhi, dika wau kok kandha nèk anaké Dhik Drema kekurangan vitamin A. Jan-jané vitamin niku ènten werni pinten ta, Dhi?
- Krama : Kathah, Kang. Ning kula nggih boten apal. Sing kula kelingan upamané vitamin A, vitamin B1, vitamin C, vitamin D, lan vitamin E.
- Wira : Vitamin semonten kathahé niku nggih guna kabèh, Dhi?
- Krama : Sedanten guna, Kang. Yèn kekurangan vitamin-vitamin niku bakal gampang kecandhak ing lelara.

Upamané niku wau, yèn kekurangan vitamin A mripat gampang cacad, yèn kekurangan vitamin B1 saged béri-béri, yèn kekurangan vitamin C gampang lumpangen, lan sapituruté.

- Wira : Wah, nèk ngoten wong mangán boten kena mung anger wareg nggih, Dhi. Pancèn bener wong mangan niku kudu nggatekaké pangané niku wau. Pangané kudu bergizi.
- Krama : Enggih, Kang; yèn kepéngin waras, pangan sing padha dipangan niki kudu bergizi.

## VI. Pethikan ing ngisor iki tembangna bebarengan, yèn ana tembung sing kowé durung ngerti tegesé suwunna priksa bapak utawa ibu gurumu, utawa golèkana ana ing bausastra!

### Sinom

1. Nulada laku utama,  
tumraping wong tanah Jawi,  
wong agung ing Ngèksiganda,  
Panembahan Sénapati,  
kepati amarsudi,  
sudaning hawa lan nepsu,  
pinesu tapa brata,  
tanapi ing siyang ratri,  
amemangun karyénak tyasing sasama.
2. Samangsané pasamuwan,  
memangun marta martani,  
sinambi ing saben mangsa,  
kala kalaning asepi,  
lelana tèki-tèki,  
nggayuh geyonganing kayun,  
kayungyun eningning tyas,  
sanityasa pinrihatin,  
puguh panggah cegah dhahar lawan néndra.

3. Saben mèndra saking wisma,  
lelana laladan sepi,  
ngingsep sepuhing sopana,  
mrih pana pranawèng kapti,  
tistising tyas marsudi,  
mardawaning budya tulus,  
mesu rèh kasudarman,  
nèng tepining jalanidhi,  
sruning brata ketaman wahyu dyatmika.
  4. Wikan wengkoning samodra,  
kèderan wus dèn ideri,  
kinemat kamot ing driya,  
rinegem sagegem dadi,  
dumadya angratoni,  
nenggih Kanjeng Ratu Kidul,  
ndedel ngayuh gegana,  
umara marak maripih,  
sor prabawa lan wong agung Ngèksiganda.
- .....

(*Wedhatama, KGPA A MN IV*)

## **Kapustakan**

*Garan Pangracikipun Buku Kridha Basa SMP*

Poerwadarminta, W.J.S. 1939. *Baoesastrā Djawa*. Groningen, Batavia: J.B. Wolters' Uitgevers Maatschappij N.V.

Prawito Atmodjo, S. 1987. *Bausastrā Jawa*. Surabaya: Yayasan "Djojo Bojo".

Kementerian "Pengadjaran, Pendidikan dan Keboedajaan" 1946. *Karti Basa*. Djakarta: Kementerian "Pengadjaran, Pendidikan dan Keboedajaan".

Poerbatjaraka, R.M.Ng. Prof. Dr. 1964. *Kapustakan Djawi*. Djakarta: Penerbit Djambatan

Ras, J.J. Dr. 1985. *Bunga Rampai Sastra Jawa Mutakhir*. Jakarta: Grafitipers.

Suripan Sadi Hutomo 1985. *Guritan* Antologi Puisi Jawa Modern (1940 – 1980). Jakarta: PN Balai Pustaka

Bagian Bahasa Djawatan Keboedajaan Kementerian P.P.K 1958.

*Medan Bahasa Basa Djawi Nomer 11 Taun III*. Djakarta: Bagian Bahasa Djawatan Keboedajaan Kementerian P.P.K.

Hadiwidjana, Ki. 1953. *Sastra Gita Witjara* Djilid 1. Jogjakarta: Dwidaja.

Dalil Prawirodiharjo. *Paribasan*. Jogjakarta: Penerbit Spring.

Padmosoekotjo, S. 1953. *Ngèngrèngan Kasusastran Djawa*. Jogjakarta: Penerbit Soejadi.

Padmosoekotjo, S. 1967. *Sariné Basa Djawa*. Djakarta: PN Balai Pustaka.

Poedjowardojo, S dan Hadidjaja, T. 1958. *Petikan Mantja Warna*. Bandung, Djakarta: Penerbit "Ganaco" N.V,

Prawirodihardjo, S. 1957. *Burat Sari*. Djakarta: N.V. Harapan Masa.